Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги

Қарақалпақ мәмлекетлик университети

*қол жазба ҳуқықында*

***АТАКУЛОВ РАШИТ*** *тиң*

**«Аўыл хожалығы инфраструктурасы ҳәм оны жетилистириўдиң нәтийжели бағдарлары»**
темасындағы

5А340102- «Тараўлар экономикасы» қәнигелиги бойынша
Экономика магистр дәрежесин алыў ушын таярланылған

# МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**Диссертация көрип шығылды ҳәм жақлаўға усыныс етилди**
**«Экономика» кафедрасы баслығы:**
**___________ э.и.д., э.и.к., З.Балташева**
**«_____» ______________ 2013-жыл**

**Илимий басшы:**
**__________ э.и.к, Адильчаев Р.Т.**

Магистратура факультети деканы доцент Гулимов А.

**НӨКИС - 2013**

**МАЗМУНЫ**


| | |
|---|---|
| Аннотация | 3 |
| Кирисиў | 4 |
| I-БАБ. Экономиканы еркинлестириў жағдайында базар инфраструктурасын раўажландырыўдың әҳмийети | 7 |
| 1.1. Базар инфраструктурасы түсиниги, мәниси ҳәм түрлери | 7 |
| 1.2. Экономиканы еркинлестириў жағдайында базар инфраструктурасын раўажландырыўдың тийкарғы мәселелери | 15 |
| 1.3. Аўыл хожалығында базар инфраструктурасын раўажландырыў әҳмийети ҳәм тийкарғы ўазыйпалары | 30 |
| II-БАБ. Экономикалық реформаларда аўыл хожалығында инфраструктураны жетилистириў жоллары | 34 |
| 2.1. Қарақалпақстан экономикасында инфраструктуралар орны | 34 |
| 2.2. Инфраструктура объектлерин мәмлекет тәрепинен экономикалық қоллап-қуўатлаў системасын жетилистириў | 40 |
| 2.3. Инфраструктура субъектлери, түрлери ҳәм олардың аўыл хожалығын раўажландырыўдағы тутқан орны | 43 |
| III-БАП. Фермер хожалықларының материаллық-техникалық тәмийинлениўи ҳәм оларға сервис хызметлерин көрсетиў системасы | 52 |
| 3.1. Фермер хожалықлары ҳәм хызмет көрсетиўши кәрханалар ортасында экономикалық байланыслар | 52 |
| 3.2. Фермер хожалықларын материаллық-техникалық тәмийинлеў ҳәм оларға сервис хызметин көрсетиў системасы | 57 |
| 3.3. Фермер хожалықларының материаллық тамийинлениў дарежесин жетилистириў жоллары | 68 |
| Жуўмақлаў | 75 |
| Пайдаланылған әдебиятлар дизими | 81 |
| Ҳүжжетлер тиркемеси | 84 |

## Кирисиў

**Магистрлик диссертация жумысы темасынын перспективалылығы**. Өзбекстан Республикасы, соның ишинде Қарақалпақстан Республикасының экономикасында инфраструктура субъектлерин шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў мәселелери менен байланыслы шөлкемлестириўшилик, экономикалық ҳәм ҳуқықый механизмлер, олардың тийкарғы мақсети, идеясы ҳәм бағдары Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың илимий мийнетлери, арнаўлы баянатлары, қабыл етилген Пәрман, буйрық, карорларында баян етилген.

Қарақалпақстан Республикасының аграр саласында алып барылы атырған экономикалық реформалар нәтийжесинде анық унамлы жетискенликлерге ерисилмекте. Бул жетискенликлердиң қолға киргизилиўинде аграр салаға хызмет көрсетиўге қәнигелестирилген инфраструктура субъектлериниң де үлеси бар. Аўыллық аймақларда жаңадан дүзилип атырған барлық түрдеги инфраструктура субъектлериниң шақапшалары фермер ҳәм дийқан хожалықлары менен тәмийинлеў ҳәм хызмет көрсетиў бойынша шәртнамалар дүзип, өз ис ҳәрекетлерин жүргизип келмекте.

Бүгинги күнде Қарақалпақстан Республикасында инфраструктура шақапшалары Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң арнаўлы қарарларына тийкарланып шөлкемлестирилип, раўажландаралып атырған болса, көп аҳўалларда аўыллық аймақлардың қәнигелескенлигин есапқа алған ҳалда инфраструктура субъектлериниң шақапшаларын жаңадан шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў, олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў, салаға инновация ҳәм инвестицияларды енгизилиўин хошаметлеў, маман ҳәм тәжирийбели кадрлар менен тәмийинлеў киби перспективалық мәселелерди шешиўге жергиликли ҳәкимшилик ҳәм тармақлық мәкемелери тәрепинен жетерли дәрежеде итибар берилмей атыр.

**Магистрлик диссертация жумысы темасының үйренилгенлик дәрежеси.** Өзбекстан Республикасы аграр саласында инфраструктура субъектлерин шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыў бойынша арнаўлы

илимий-изертлеў жумыслары А.М.Жўраев, Р.Х.Хусанов, Ч.Муродов, Қ.А.Чориев, Ж.Медетуллаев, Ў.П.Умрзоқов, Р.Р.Ражабов, Т.Ҳ.Фарманов ҳәм басқа аграр экономист алымлар тәрепинен алып барылған. Соның менен бир қатарда Қарақалпақстан Республикасының аграр саласына тийисли илимий жумыслар К.Убайдуллаев, К.Юсупбаев, Ш.Тлеубергенов, Р.Тлеубергенов, Р.Адильчаев, Б.Мырзаев, Б.Сеилбековлардың мийнетлеринде сәўлеленген.

Жоқарыда атлары келтирилген алымларымыдың басым көпшилик илимий-изертлеў жумыслары тийкарынан Өзбекстан Республикасы бойынша алып барылған, сондай-ақ, айырым ҳалларда базы бир киши мәселелер Қарақалпақстан Республикасы мысалында баян қылынған болып, бирақ, Қарақалпақстан Республикасының аграр саласындағы инфраструктура мысалында еледе тереңирек илимий-изертлеў жумысын алып барылса мақсетке муўапық болар еди.

**Магистрлик диссертация жумысының қурамы.** Магистрлик диссертация жумысының кирисиў, тийкарғы еки бап, жуўмақлаў ҳәм усынıслар жәнеде магистрлик диссертация жумысын таярлаў процессинде пайдаланылған адабиятлар дизиминен ибарат.

Жумыстың кирисиў бөлиминде таңлап алынған теманың перспективалығы, мақсет ҳәм ўазыйпалары, үйренилгенлик дәрежеси ҳаққында тоқтап өтилген.

Магистрлик диссертация жумысының **“Экономиканы еркинлестириў жағдайында базар инфраструктурасын раўажландырыўдың әҳмийети”** деп аталаған екинши бапта базар инфраструктурасы түсиниги, мәниси ҳәм түрлери, экономиканы еркинлестириў жағдайында базар инфраструктурасын раўажландырыў аҳўалы, сондай-ақ, дүнья жүзилик финанслық экономикалық дағдарыс жағдайында базар инфраструктурасын раўажландырыўдың усыллары системасы үйренилген.

**“Экономикалық реформаларда аўыл хожалығында инфраструктураны жетилистириў жоллары”** деп аталатуғын екинши бабында аўыл хожалығын турақлы раўажландырыўда инфраструктура

субъектлерининң орны ҳәм әҳмийети, инфраструктура объектлерин Мәмлекет тәрепинен экономикалық қоллап-қуўатлаў системасын жетилистириў, соның менен қатар, инфраструктура субъектлери, түрлери ҳәм олардың аўыл хожалығын раўажландырыўдағы тутқан орнына салыстырмалы баҳа берилген.

Жумыстың **жуўмақлаў бөлиминде** жумысты таярлаў процессинде алынған тийкарғы жуўмақ ҳәм усыныслар жәнеде пайдаланылған әдебиятлар дизими келтирилген.

# I-БАБ. Экономиканы еркинлестириў жағдайында базар инфраструктурасын раўажландырыўдың әҳмийети

## 1.1. Базар инфраструктурасы түсиниги, мәниси ҳәм түрлери

Инфраструктура сөзи «infrastructure» сөзинен алынған болып, «инфра» тийкар, қойы ҳәм «структура» - дүзилис, орналастырыў киби мәнислерин аңлатып, өндирислик процесстиң шәрт-шараятларды тәмийинлеўши тараўлар комплексин билдиреди. Дүнья жүзи тәжирийбесинде инфратруктура түсиниги ХХ - әсир басларында биринши ирет «**зәрүр жәрдемши объектлер ҳәм қурылмалар комплекси**» сыпатында сөйлесик қатнасығына киргизилген болса, Батыс мәмлекетлеринде 1940-жылларға келип инфраструктура «өндирис салаларының ис ҳәрекетине зәрүрий шәрт-шараятлар жаратыўшы» субъектлердиң анық бир қурамы сыпатында қолланыла басланды.

Инфраструктура субъектлери ҳәр қандай экономикалық системаның тийкарғы қурамы болып есапланып, көрсетилип атырған түрли бағдардағы хызметлери менен барлық тараў ҳәм салаларының экономикалық турақлы раўажланыўанда тийкарғы негиз болып есапланады.

Бизнес инфраструктурасының мәниси ҳәм тийкарғы элементлери. Ҳәрекет етип турған қәлеген системалар сыяқлы бизнесте өз инфраструктурасына ийе. Соның менен бирге инфраструктура толық экономикалық системаның әҳмийетли бөлеги. Улыўма инфраструктура сөзи тийкар, фундамент, экономикалық системаның ишки қурылысы деген аңлатады.

Бизнес инфраструктурасы ҳуқықый шөлкемлестириўшилик формаларының жыйындысын, ис қатнасықларының ҳәрекетлерин аңлатады.

Искер дүнья тек исбилерменлер, талапкерлер, мийнет жәмәәтин қурай алмайды. Исбилерменлер, жалланба жумысшылар, исбилерменлер арасындағы өз-ара қатнасықлар ўақтында усы қатнасықларга жәрдем етиўши ўақтынша элементлер болады.

Ҳәзирги базар экономикасы дәўиринде бундай элеменлер төмендегилер есапланады`

-кредит системасы ҳәм коммерциялық банклер,

-эмиссия системасы ҳәм эмиссия банки,

-товар, шийки зат, фонд, волюта биржаларында дәлдәлшылықты шөлкемлестириў

-аукционлар, ярмаркалар ҳәм басқа да далдалшылықтың шөлкемлескен формалары.

-ҳалықты жумыс пенен тәмийинлеўди ретлестириўши системалар ҳәм мийнет биржасы,

- информацион технология ҳәм коммуникация қураллары.

-салық системасы ҳәм салық инспекциясы.

-қамсызландырыў системасы, мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес қамсызландырыў компаниялары,

-арнаўлы реклама агентлиги, ғалаба хабар қураллары,

-саўда палаталары,

-бажыхана системасы,

-жалланба хызметкерлердиң кәсиплик аўқамы,

-коммерциялық-көргизбе комплекслери,

-жоқары ҳәм орта арнаўлы экономикалық билим системасы,

-аудитор компаниялар,

-мәслаҳат бериўши (консалтинг) компаниялар,

-жәмийетлик фондлар,

-еркин исбилерменликтиң арнаўлы зоналары.

Усы элементлердиң жәрдеминде бизнес инфраструктурасы адамлар арасында қарым-қатнастың раўажланған формасы болып қалады. Бизнес инфраструктурасы искерлик қатнасларының узақ раўажланыў натийжесинде қәлиплести. Ҳәзирги дәўирде ол бир неше функцияларды атқарады

-өз қызығыўшылығын арттырыў нәтийжесинде ис қатнасықларын шөлкемлестириў.

-экономиканың айрым субъектлерин қәлиплестириў, жумыстың нәтийжелигин арттырыў.

-юридикалық ҳәм экономикалық қадағалаў формаларын аңсатластырыў.

Бизнес инфраструктурасының айырымларына қысқаша тоқтап өтемиз.

1. Кәсиплик аўқамлар. Базар экономикасының классик түри болып жумысшы күшин мийнет шәртнамаларын дүзиў арқалы сатыўшы болып есапланады. Базар экономикалы мәмлекетлерде кәсиплик аўқамлар бөлек формаларда ҳәрекет етеди. Бул өз гезегинде кәрхана басшыларының шешимлерине жумысшылардың тәсирин тийгизиўге мүмкиншилик береди. Соның менен бирге Батыс еллердиң кәсиплик аўқамлары путевка, талон тарқатыў, машина, жер участка ушын гезек шөлкемлестириў менен шуғылланбайды. Олардың ең баслы мәселеси өз жумысшылары ушын қолайлы шәртнамалар дүзиў ҳәм оларды қадағалаў.

2.Консалтинг компаниялар. Бундай компанияларда бизнес тараўында күшли теоретик ҳәм практик қәнийгелер ислейди. Бундай компаниялар исбилерменлик пенен шуғылланыўшы фирмалардың буйыртпалары есабынан шәртнама тийкарында ҳәрекет етеди. Фирма ушын өзинде бул тараўдан қәнийгени жумыска алғанға қарағанда мәслаҳат ушын усындай компанияларға хабарласқаны жеңил болады.

3. Аудитор компаниялар. Фирманың финанс-хожалық исин комплекс түрде ревизия яғный тексериў жургизиў аудит болып есапланады. Аудитор тексериўлери басқарыў органларының шешими менен, фирманың өзиниң шешими менен, шөлкемлестириўшилердиң қәлеўи менен жүргизиледи. Батыс еллеринде аудитор компаниялар бәсеке нәтийжесинде жумыс ислеп абырайга ийе болады.

4. Окыў орынлары. Бизнес өз-өзинен раўажланбайды. Базар экономикасы ушын қәнийгелер үзликсиз таярланып турылыўы керек. Базар экономикасы жақсы раўажланған еллерде қәнийгелерди таярлаўга үлкен әҳмийетли роль берилген. Бизнесменлерди кишкене ўақтынан баслап таялайды. Баслаўшы мектептиң өзинде балалар экономика ҳәм бизнести

үйренеди. АҚШта мысал ушын «Искер балалар» деген жәмийетлик шөлкем бар. Бул шөлкемниң мақсети-жас америкалыларға ақшаны қалай табыў кереклигин үйретеди. Бул шөлкем балалар ушын өз журналын шығарады. Исбилерменликке таярлаў колледж, бизнес мектеплеринде, университетлерде даўам еттириледи.

Бәнтлик хызмети (Мийнет биржасы). Барлық еллерде жумыссызлықты жоқ етиў ушын мийнет биржалары жумыс жумыс ислейди. Мәмлекетлик мийнет биржалары мына функцияларды атқарады~

-жумысшы күшине болған талап ҳәм усынысты анлизлеп, болжап, мийнет базары ҳаққында анализ береди.

-бос жумыс орынлары ҳәм жумыс излеп хабарласқан адамлардың есабын жүргизеди,

-адамларға жумыс табыўда жәрдемлеседи,

-жумыссызларды есапқа алып, оларға напақа төлейди,

-бәнтлик программасын ислеп шығады,

-бәнтлик фондына бийлик етеди.

Мәмлекетлик бәнтлик сиясатын жүргизиўди финанслық жақтан тәмийинлеў ушын мәмлекетлик бәнтлилик фонды дүзиледи. Бул фонд мыналардың есабынан жүргизиледи:

-жумысшылардың айлығынан мәжбүрий взнос,

-исбилерменлердиң мәжбүрий төлемлери,

-бюджет қаржылары.

Адамлардың напақа алыў ҳуқықы мийнет биржасына хабарласқаннан кейин qq күннен басланады ҳәм qw айға шекем даўам етиўи мүмкин. Жумыс орны қысқартылғанлар 3 ай даўамында напақа алады. Мийнет биржасы адамларға қолайлы жумыс орнын таўып бериўи шәрт. Жумыс пенен тәмийинлеп бере алмаса мийнет биржасы сол адамның қәнийгелигин өзгертип қайта оқыўға жибериўге ҳақысы бар.

**Салық системасы.** Мәмлекетлик дәраматларды қәлиплестириўде салықлар әҳмийетли роль ойнайды. Салық-бул мәмлекет тәрепинен

физикалық ҳәм юридикалық тәреплерден алынатуғын мәжбүрий төлемлер. Өзбекстан Республикасының салық системасы туўры ҳәм жаңапай салықлардан турады.

Туўры салықлар - ҳақыйқый алынған дәраматлардан алынады, сонлықтан ол карханалардың финанс хожалық жумысларына тиккелей тәсир етеди. Олардың объекти жалпы дәрамат, меншик қуны, жер майданы, ат күши ҳ.т.б. болады. Өзбекстанның туўры салықларына кархана ҳәм шөлкемлердиң дәраматынан алынатуғын салық, мүлк салығы, транспорт йиелеринен алынатуғын салық, мийнет фондынан алынатуғын салық, жер салығы, халықтың дәрамат салығы ҳ.т.б. киреди.

Жаңапай салықлар - товар ҳәм хызметлердиң баҳаларының элементлери болып табылады, яғный салтылып атырған, орынланып атырған хызмет яки товар қунының үстине үстеме баҳа қойып сатқаннан келип түскен пайдаға қойылатуғын салық. Бул топарға қосымша қун салығы, акциз салығы ҳ.т.б. киреди.

Бул туўры ҳәм жаңапай салықлар Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик бюджетиниң дарамат бөлегиниң 90 проценттен асламын қурайды.

Салық турлери мәмлекетлик ҳәм жергиликли салықлар боып бөлинеди.*Мәмлекетлик салықлар* ҳүкимет тәрепинен мәмлекетлик нызамлықлар тийкарында алынады ҳәм мәмлекетлик бюджетке жумсайды. Бул салықларға пайдадан алынатуғын салық, дарамат бажы төлемлери, қосымша қун салығы, ҳ.т.б. киреди.

*Жергиликли салықлар* тек ҳәр бир аймақтың жергиликли ҳүкимет бюджетине түседи. Бундай салықларға транспорт қураллары ийелери салықлары, физикалық тәреплердиң меншик мулк салығы, реклама салығы, ҳ.т.б. киреди.

*Пайдадан алынатуғын салықлар*-бул салықты төлеўшилер кәрханалар, шөлкемлер ҳәм барлық түрдеги исбилерменлик пенен шуғылланыўшы, ҳәр

түрли меншик формаларына тийкарланған бирлеспелер есапланады. Бул салықтың объекти кархананың улыўма пайдасы болып есапланады.

*Қосымша қун салығы*-бул товарларды сатыў, жумыс ислеў ҳәм хызмет көрсетиў процессинде табылатуғын таза дараматтың есабынан бюджетке төленетуғын бир бөлеги болып есапланады. Бул салықты төлеўшилери банклер ҳәм қамсызландырыў мекемелеринен басқа ҳәр қыйлы меншик формадағы карханалар, шөлкемлер ҳәм бирлеспелер болып табылады. Бул салықтың объекти товарлардың реализациядағы айланысы, исленген жумыслар ҳәм көрсетилген хызмет болып есапланады.

*Акциз салығы*-бул таза дараматтан алынатуғын салық түри. Бул салықты төлеўшилер өним өндириўшилер ҳәм товар сатыў менен шуғылланатуғын кәрханалардың барлық түрлери болып есапланады.

*Мулк салығы*-бул салықты төлеўшилер барлық меншик формадағы юридикалық тәреп. Салықтың төлеўши мүлкиниң қунлай көриниси.

*Жер салығы*-бул салықты төлеўшилер жерден барқулла пайдаланатуғын кәрхана, шөлкемлер ҳәмде жеке адамлар есапланады. Булардан салық жердиң улыўма майданынан алынады. **Қамсызландырыў.** Жеке қамсызландырыў бир неше жүз жыл бурын пайда болган. Дүнья жүзине белгили «Ллойдс» қамсызландырыў компаниясы Англияда буннан et0 жыл бурын дүзилген. Ҳәзирги күнде бул компанияның ee,t мыңнан аслам ағзасы болып қалаларды, жер қозғалыўынан қамсызландырыў х.т.б. жуўап береди.

Мәмлекетлик қамсызландырыў системасы соң XIX-әсирдиң ақырында Германияда пайда болды. «Қамсызландырыў» дегенде төмендегилерге кеўил бөлиў керек.

1. Қамсызландырыў-бул еки тәреп қатнасатуғын экономикалық қатнас.

2. Биринши тәреп-жеке ямаса мәмлекетлик қамсызландырыў компаниялары. Бул қамсызландырыў шәртлерин ислеп шығады ҳәм турақлы қарыйдарларға усынады. Егер турақлы қарыйдарларын усы шәртлер қанаатландырса онда шартнамаға қол қойысады ҳәм взносларын өз ўақтында төлеп барады.

3. Екинши тәреп-юридикалық ямаса физикалық тәреп.

4. Қамсызландырыў жағдайы жүз берген ўақытта шартнама шәртлерине тийкарланып кеткен шығынын төлейди.

5. «Қамсызландырыў фонды» деген түсиник белгили бир мақсетлерде қолланылады. Бул взнослар жәрдеминде пайда болған ақша суммасы. Мәмлекетлик қамсызландырыўда бул фондтың дүзилиўин ҳәм пайдаланыўын мәмлекет басқарады. Мәмлекеттиң ақша резерви болып есапланады.

6. Қамсызландырыў полиси - еки тәреп арасындағы шәртнама.

Қамсызландырыў халықты социаллық қорғаўдың ең баслы бөлеги болып есапланады. Қамсызландырыў компаниялары мына түрдеги қамсызландырыў хызметин атқарады`

-мүлкти қамсызландырыў

-үй ҳайўанларын қамсызландырыў

-коммерциялық операцияларды қамсызландырыў

-пухараларды қамсызландырыў

Бәсеке дәўиринде ким турақлы қарыйдарлары ушын жақсы, қолайлы жағдай усынса сол жеңеди. Қамсызландырыў компаниясы төмендеги шәртлерди усынса жеңип шығады`

1. Шәртнамадан тысқары қамсызландырыў компаниялары банклерден кредит алып бериўге жардемлесиў.

2. Мүлкти базар баҳаларының динамикасын есапқа алып қамсызландырыў.

3. Инфляция процесслерин есапқа ала отырып өмирин, мийнетке жарамлылығын, пенсия ҳ.т.б. қамсызландырыў.

4. Физикалық ҳәм мораллық тозыў динамикасын есапқа алып мүлкти қамсызландырыў.

**Еркин экономикалық зоналар**. Биринши еркин экономикалық зона 1959-жыл Ирландияда дүзилди. Экономикалық зоналардың тез раўажланыў дәўири 80-жыл басына туўра келеди. 80-90-жыллар аралығында бул

зоналарды бәнтликтиң өсиў темпи жылына 20 процентке өсти. Еркин экономикалық зоналардың тийкарғы түсинигине төмендегилер киреди:

- Еркин саўда зоналары - мәмлекет аймағындағы сырт еллер менен пошлинасыз шекленбеген түрде саўда етиў ушын белгиленген районлар.
- Экспортлық өндирислик зоналар - сырт ел капиталын шақырыў ушын арналған районлар. Сырт ел капиталы ушын белгили жеңилликлер болады.
- Өндирислик зоналар - бәнтликти кеңейтиў ҳәм экономикасы артта қалған районларға жәрдем етиў.
- Еркин портлар ҳәм еркин банклық зоналар.

Экономикалық раўажланыўда мәмлекет тәрепинен үлкен әҳмийетти экспорт-өндирислик зонаға қаратқан. Еркин зона дүзиўден сиясат шығынларды азайтыў. Ҳәзирги ўақытта дүнья жүзинде 400 ден артық экономикалық зоналар бар. Солардан 1/3 бөлеги раўажланған мәмлекетлерге туўра келеди.

## 1.2. Экономиканы еркинлестириў жағдайында базар инфраструктурасын раўажландырыўдың тийкарғы мәселелери

Республика Президенти Ислам Каримов айтқанындай, аўыл хожалығының жумыс нәтийжелилиги жоқары болған, заманагөй техника кураллары менен лизинг тийкарында тәмийинлеў системесының енгизилиўи алдынға қойылған әҳмийетли қәдем болды. Дурыс, лизинг системесын қоллаў көлеми ҳәзирше оншелли кең емес, лекин усы нәрсе анық, аўыл мийнеткешлерин техника менен тәмийинлеўдиң бул усылы үлкен перспективаға ийе.

Раўажланған сырт еллер тәжирийбесинен белгили, аўыл хожалығы нәтийжелилигин жетилистириўдиң тийкарғы шәрти мийнетти көп талап ететуғын жумысларды техниканың бойнына жүклеў болып табылады. Дүнья жүзи тәжирийбеси тармақ өндирисиниң турақлылығы, жоқары өнимдарлығы өндирис күшлериниң комплексли раўажланыўы, илимий-техникалық раўажланыўы, материаллық-техникалықлық базасының күшлилиги ҳәм кадрлар ушын шәрт-шараятлар жаратылғанлығы менен тиккелей байланыслылығын көрсетеди.

Буны фермерлер мысалында да көриў мүмкин. Мәселен, бир фермерге АҚШта орташа 150 гектар егислик майданы туўры келеди. Бул көрсеткиш Канадада 190, Уллы Британияда 70, Францияда 35, Ирландияда ҳәм Люксембургта 33, Данияда 32, Германияда 18, Голландияда 17, Италияда 8 гектар. Жер, техника, илим жетискенликлеринен өнимли пайдаланылғанда ғана нәтийжелер жоқары болыўы мүмкинлигин олар әмелде дәлилледи. Улыўма, тараўдағы экономикалық көрсеткишлер техникадан акылға муўапық пайдаланыўға ҳәм оның сапасына көп жақтан байланыслы деўимизге толық тийкар бар.

Бизге белгили, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1996-жыл 31-январдағы қарарына муўапық аўыл хожалығы машиналарын ислеп шығарыў мақсетинде «Ўзқишлоқхўжаликмашхолдинг» компаниясы шөлкемлестирилген еди. Бул структура қурамына 16 кәрхана, 9 қоспа

кәрхана, 17 регионаллық техника орайы, 72 та район ҳәм районлараралық бөлимшелер, соның ишинде, машина-трактор парклери ҳәм саўда үйлери киреди.

Соны айтып өтиў керек, 2001-жыл нәтийжелерине нәзер салсақ, компанияға қараслы кәрханалар бираз қурамалы дәўирди басынан кеширгенлиги мәлим болады. Избе-из болып өткен суў қытшылығы ойлағандай нәтийжелерге тәсир етпей қалмады. Көпшилик орынларда өним өндириў көлемин әўелги жыллардағыға салыстырғанда кемейтпеў, ерисилген темпти жоғалтпаслық ушын гүреслер алып барылды.

Кейинги жылларда компания раўажланған еллердиң тармақ техникасын ислеп шығаратуғын фирмалары менен бирге ислесип атырғанлығы да унамлы нәтийже бермекте. Мәселен, 9 қоспа кәрхана иске түсирилди ҳәм бүгинги күнде дүнья жүзи талапларына жуўап беретуғын техника қураллары ислеп шығармақта. «ӨзКейстрактор», «ӨзКейссервис», «Агрохим» кәрханалары усылардың қатарына киреди. Олар тәрепинен тек өткен жылдың өзинде мәмлекетимиз агросанаат комплексине 2760 трактор, 971 тележка, 100 пахта териў машинасы, 118 плуг, 994 барона, 80 пишен оратуғын комбайн, 1066 култиватор, 1 млн. сумлық запас бөлеклер ҳәм басқа техникада қураллары ҳәмде олардың белгили деталлары жеткизип берилди. Соның ишинде, лизинг тийкарында 2 мың дана трактор ҳәм 404 дана тележка ислеп шығарылып, дийқанларға жөнетилди. Республикада ҳәзирги пайытта абыройлы компания ҳәм фирмалар ўәкиллери менен бирге ислесиўде бир қанша қоспа кәрханалар дүзиў бойынша жойбар – изертлеў жумыслары алып барылмақта. Германиядағы «Класс» ҳәм «Кюн» фирмалары менен «Тошқишлоқмаш» акционерлик жәмийетинде от-жем орыў комбайны, «Ўзқишлоқмаш» акционерлик жәмийетинде ғәлле егетуғын сеялка, «Агрегатзаводы» кәрханасында фрезерли култиватор өндириў ушын таярлық көрилмекте.

Аўыл хожалығы машина қурылысы үзликсиз ҳәм өз-ара үзликсиз ҳалда системаға ийе. Бул илимий-изертлеў ҳәм тәжирийбе-конструкторлық

жумысларын орынланыўын, конструкторлық жумыслары ортасындағы өз-ара байланыслылық ҳәм избе-изликти тәмийинлейди. Тармақтың илимий-изертлеў, жойбарлаў институтлары ҳәмде конструкторлық бюролары бар. Компания мәселелердиң шешимин тәмийинлейтуғын дәстүрлер ислеп шығып, республика илимий-техникалық раўажланыўын муўапықластырыў кеңеси (бурынғы илимий ҳәм техникалық мәмлекетлик комтитети) менен бирге ислесиў бағдарында жумыс алып бармақта. Өткен жылы компания бойынша 25 млрд. 255,9 млн. сумлық техника кураллары, 622,5 млн. сумлық халық тутыныў товарлары ислеп шығарылды. Унамлы жылжыўлар қатарына кәрханалардың дебитор ҳәм кредиторлық қарзлары кемейгенлигин тилге алыўымыз мүмкин.

Компанияның сырт ел инвестициясын тартыўдан, улыўма, оның инвестиция ҳәрекетинен мақсети айырым кәрханалардағы өндирислик техникасын жаңалаў болып табылады. Мәселен, жақын келешекте Ташкент трактор заводы, Агрегат заводы, Мотор заводы, «Технолог» акционерлик жәмийетлеринде сырт ел капиталын енгизиў, заманагөй талапларға жуўап беретуғын техника куралларын өндириў нәзерде тутылмақта. Ҳәзирге шекем компанияға қоспа кәрханалар устав фондын қәлиплестириў ушын 28,2 млн. АҚШ доллари муғдарындағы сырт ел капиталы алып кирилди.

Ҳүкиметимиздиң жергиликли шийки заттан өним өндириў бойынша дәстүрине муўапық, «Кейс» пахта териў комбайнлары ҳәм тракторларына комплектлеўши затлар таярлаў жолға қойылды. Өткен жылы «ӨзКейсмаш»да пахта териў машиналарының заманагөй бояў комплекси ҳәм басқа айырым бөлеклери ремонтланды. «Тошқишлоқмаш» кәрханасында пахта териў машинасының бункери, оның айырым бөлеклерин өндириў өзлестирилди. Тармақ техникасы ушын гидроцилиндрлер таярлайтуғын сырт ел үскенеси сатып алынбақта.

Агросанаат комплекси – аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў, сақлаў, қайта ислеў ҳәм тутыныўшыларға жеткизип бериў менен бәнт болған халық хожалығы тармақларының жыйындысы болып табылады. АСК ине кириўши

тармақлардың барлығы жақсырақ нәтийжеде әҳмийетли ўазыйпаны – мәмлекетти азық-аўқат ҳәм аўыл хожалық шийки заты менен тәмийинлеў ўазыйпасын орынлайды.

Агросанаат комплекси қурамында үш сала ажыралып турады:

1. аўыл хожалығы ҳәм оған байланыслы болған тармақлар ушын өндирис кураллары жеткизип беретуғын, сондай ақ, аўыл хожалығына өндирислик, техникалық хызметти көрсететуғын санаат тармақлары (мәселен, аўыл хожалығы машина қурылысы);

2. аўыл хожалығының өзи;

3. аўыл хожалығы өнимлерин қайта ислеў ҳәм тутыныўшыларға жеткизип бериў (таярлаў, сақлаў, қайта ислеў, тасыў, сатыў) менен бәнт болған тармақлар.

Базар экономикасы шараятында бул инфраструктураны раўажландырыў Мәмлекет халқының мүтәжлигин қанаатландырыў менен бир қатарда оның сыртқы экономикалық байланысларын раўажландырыўшы күшке айланыўы мүмкин.

Ғәрезсизлик жылларында АСКда жүдә көп табысларға ернисиў менен бирге белгили, кемшиликлерге де жол қойылды, экономикалық реформалар процессинде жаңа мәселелер де пайда болды. Ендиги ўазыйпа усы кемшиликлерди сапластырыў жолларын, мәселелерди терең анализ етип, олардың шешимин табыўдан ибарат. Аграр сектордың буннан кейинги раўажланыўында төмендеги мәселелерге итибар бериў зәрүр:

- ғәрезсизлик жылларындағы хызметти бақлаў соны көрсетеди, барлық бууынларда кадрлар жаңаша ислеўге, базар қатнасықларына толық бейимлесе алмай атыр. Бу, әсиресе, районлар ҳәм хожалықлар масштабында көбирек көзге тасланбақта. Дурыс, ҳәр жылы кадрлар оқыўы өткизилмекте, Бирақ көпшилик басшы кадрлар ис жүргизиўди базар қатнасықлары тийкарында емес, ал ескише – административлик-буйрықпазлық тийкарында алып бармақта;

- аграр сала ушын әҳмийетли болған экология мәселелери реформа процессинен бираз шетте қалмақта. Көз алдыңызға келтириң, бул мәселе өзине итибарды талап қылады. Бүгинги күнде топырақ өнимдарлығының пәсейип барыўы, аўыр техника ҳәм нәтийжеси төмен технологиялар қолланылып атырғанлығы ақыбетинде топырақ қурамының бузылыўы, шорланыў дәрежесиниң артып барыўы усыннан даләлат бермекте. Сондай ақ, халықты экологиялық таза азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеў мәселеси де айрықша итибарды талап етеди;
- айырым экономистлер, аўыл хожалығында Реформаларды қосымша қарежет сарыпламасдан алып барыў мүмкин, деген пикирди илгери сүрип атыр. Олардың пикирине қосылыў қыйын. Негедур, раўажланған еллер тәжирийбесине қарасак, олардың көпшилигинде бул бағдардағы көрсеткиш фермерлер дәраматының 40 – 50 ҳәм ҳәттеки 60 % ин қурайды. Соны есапқа алып, аграр саланы қоллап-қуўатлаў фондын шөлкемлестириў ҳәм оның қарежети аўыл халқының социаллық турмысы, экологиялық тең салмақлылықты сақлаў, материаллық-техникалықлық базасын беккемлеўге қаратылыўы зәрүр;
- аўыл хожалығында экономикалық реформаларды және де тереңлестириў финанс-кредит механизмин жетилистириўди талап етекди. Себеби, хожалықлар туўрыдан-туўры кредит алыўы жүдә ҳәм қурамалы есапланады, әсиресе, узақ ўақытлы кредитлер көлеми кемейип кетиўи нәтийжесинде олардың материаллық-техникалықлық базасын беккемлеў ҳәм жаңалап барыў имканиятлары шегараланып қалмақта. Әлбетте, лизинг системесының структурасы бул мәселени бираз жеңиллестиреди, Бирақ ол барлық түрдеги тийкарғы қуралларды қамтып алмаған;
- аўыл хожалығының материаллық тәмийнаты, техника, минерал төгин, жанылғы-майлаў материаллары менен тәмийинлениўи бүгинги күн талаплары дәрежесинде емес, материаллық-техникалық ресурсларының нарқы аўыл хожалығы өнимлери нарқына салыстырғанда бир неше есе жоқары ҳәм тез асып бармақта. Аўыл хожалығы ушын керекли санаат

товарларына нарық белгилеўди де тәртипке салыў лазым. Аўыл хожалығы кәрханаларына сервис хызметин көрсетиў талап дәрежесинде емес, сондай ақ, хызмет  ҳақыларының баҳасы жүдә ҳәм жоқары;

- өзлери қабыл қылған аўыл хожалығы өнимлери ушын таярлаў шөлкемлери ўақытында ҳақы төлей алмай атырғанлығы нәтийжесинде хожалықлардың финанслық жағдайы аўырласпақта, буның үстине инфляцияның аўырманлығы да пүткиллей аўыл хожалығы кәрханалары желкесине түспекте;
- аўыл хожалығын қыйын аҳўалдан алып шығыў ушын аўыл хожалығы менен байланыслы болған барлық салалар оған өз жәрдемин көрсетиўи зәрүр. Усындағана олар аўыл хожалығынан арзан ҳәм сапалы шийки зат алады, өз гезегинде, аўыл олардың өнимлери ушын әҳмийетли базар ўазыйпасын орынлайды;
- ҳәзирги күнде Мәмлекетимизде экономиканы еркинлестириў процесси кешпекте, ендиги жағында бул процессте аграр секторды басқарыўдан оны тәртипке салыўға өтиў, нарық-наўаны еркинлестириў менен бирге оны мәмлекет тәрепинен тәртипке салыў мақсетке муўапық болып есапланады. Соны есапқа  алып, аўыл хожалығы өнимлериниң төменги ҳәм жоқарғы баҳалары шегарасын мәмлекет тәрепинен бақлаў жүргизиў системесин жаратыў зәрүр.

Экономикалық реформалар Өзбекстанда биринши нәўбетте, аграр секторда басланды. Буның өзине жараса рамзий ҳалдағы мәниси бар, себеби халықтың 60% тен көбиреги, жумыс пенен бәнт халықтың 44% и аўыллық орынларда жасап, мийнет етпекте, ЖИӨ ниң 30% и, валюта түсиминиң 55% и, товар өним алмасыўының 70 % и, азық-аўқат өнимлериниң 90% и аграр сектор үлесине туўры келеди.

2005-жылдың 11 январында Мәмлекетдағы меншик жәрдемши хожалықларды және де раўажландырыўға тийисли қосымша иләжлар белгиленди. Президент көрсетпеси тийкарында жәнe 1 млн. 221 мың 477 шаңараққа суўғарылатуғын пахта далаларынан 137 мың 246 гектар жер

қосымша үй қапталы участкасы сыпатында бөлип берилди. Бундай әмелий ғамхорлық ғайратлы - шыдамлы адамлар ҳәрекетине қанат бағышлады.

Меншик жәрдемши ҳәм үй қапталы участкасы хожалықлары бирлеспеси шөлкемлестирилиўи лазым. Кейин ала болса усы тийкарда дийқан ҳәм фермер хожалықлары бирлеспеси пайда болады, яғный меншик жәрдемши хожалықлар негизинде дийқан ҳәм фермер хожалықлары қәлиплеседи. Оларды жеңилликлерге ийе салыққа тартыў, өз өнимлерини экспорт қылыўи ушын қолай шәрт-шараят жаратиб бериў, хожалық аъзоларын нафақа ҳәм пенция менен тәмийинлеўга доир тәртиплар енгизиледи.

Экономикамыздың таянчига айланиб баратырған мыңлап дийқан ҳәм фермер хожалықлары ҳәрекети бу тармақның перспективаи биз ўйлагандан муўапық жарқын еканидан даләлат береди. Оның тарихи еса, меншик үй қапталы участкасы хожалықларына, 2005-жылдың жазында мәмлекетимиз басшысы узақты көзлеп баслаған кең көлемли жумысларға барып тақалады.

Мүликшиликтиң барлық формаларына, жеке басламалылық ҳәм жеке исбилерменликке сол қурамалы дәўирде тийкар салынған.

Бүгинги күнде Мәмлекетимизде 240 мыңнан артық микрофирма, киши ҳәм орта кәрханалар шөлкемлестирилип, 3 млн.нан зыят дийқан-фермер хожалықлары хызмет жүргизбекте. Олар аўыл хожалығы жалпы өниминиң 89 % ин бермекте.

Кейинги пайытта Мәмлекетимизде жеке жеке мүликти аўыллық орынларда қәлиплестириў, оны раўажландырыў ҳәм қорғаў бағдарында конкрет жумыслар әмелге асырылды. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Аўыл хожалығында реформаларды тереңлестириўдиң ең әҳмийетли бағдарлары ҳаққында» ғы Пәрманы ҳәм Министрлер Кабинетиниң «2003–2004 жылларда кәрханаларды мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў ҳаққында», «Меншиклестирилген кәрханалардың корпаративлик басқармасын жетилистириў илажлары ҳаққында» ғы қарарлары айрықша әҳмийетке ийе. Солай екен, әйне усы ҳүжжетлер негизинде журтбасшымыздың «Көп укладли экономиканы

қәлиплестириў ҳәм онда жеке мүлик жетекши орынды ийелеўин тәмийинлеў зәрүр» деген идеясы жатады.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» китабында изертленип өтилгениндей-ақ, бурынғы дүзим дәўириндеги қурамалы машқалаларды шешиў ушын бурынғы Аўқам басшылары тәрепинен ислеп шығылған, бирақ бир-бири менен өз-ара байланыспаған түрли дәстүр ҳәм илажлар да шалама-шәкки әмелге асырылар еди. Республиканың айырым аймақларын социаллық-экономикалық раўажландырыў тараўында жол қойылған қәтелерди дүзетиў ушын Орай тәрепинен әмелде ҳеш қандай ис қылынбады.

Мәмлекетимиз басшысы сол дәўирде жүзеге келген аўҳалдан шығыў жолы сыпатында төмендегилерди белгилеп берди:

- жумыслардың аўҳалына реал баҳа бериў. Республикадағы шараятты жақсылаўдың конкрет ҳәм анық пухта дәстүрин ислеп шығыў;

- турмыстың барлық тараўларында қатаң тәртип ҳәм имтизам ортаныў, басшы кадрларды орыны-орынына дурыс қойыў, оларға талапшаңлықты асырыў.

Республикамыздағы аўҳалды жөнлеў, ўатанласларымыздың дүньяқарасын, бүгинги ҳәм ертеңги күнге болған исенимин беккемлеў ушын дәслеп, олардың экономикалық, материаллық аўҳалын жақсылаў зәрүрлигин терең аңлаған Президентимиз сол дәўирде халық ушын шешиўши әҳмийетке ийе болған жүдә үлкен бир мәселени - адамларға қыйтақ жер бериў мәселесин күн тәртибине қойды. Бул мәселениң оғада әҳмийетли екенлигин төмендеги жағдайлар арқалы да билип алыў мүмкин еди:

- республика аўылларында жери жоқ шаңарақлар саны – 240 мың;

- үй-жай қурылыўы ҳәм аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў ушын кеңейтирилген мүтәж ҳәўлилер саны – 1,8 миллионнан көбирек;

- тек Ташкент қаласында жер участкасын алыў ушын нәўбетте турған шаңарақлар саны – 92 мыңнан артық еди.

Буның үстине, қалалар, район орайлары ҳәм қала типиндеги посёлкаларда жери жоқлығы себепли мийнеткешлердиң жеке тәртиптеги үй-жай қурыўға, жәмәәлик рәўиште бағшылық қылыў ҳәм палызшылық пенен шуғылланыўға имканы жоқ еди.

Заманагөй қалада, әсиресе, Ташкент сыяқлы әзим қалада жасаў әпиўайы жасаўды билдирмейди. Ҳәр бир шаңарақ ушын айырықша квартира яки жеке үй болыўы зәрүр. Октябрь, Сабыр Рахимов, Киров районларында 600 мың адам жасап турған квартиралар урыстан алдын қурылған болып, жасаў ушын қолайсыз еди, оларды қайта қурыўдың да илажы болмаған (2 миллион квадрат метрге жақын майданда мине усындай үйлер болған). Бул квартираларда орайлық ысытыў системасы, водопровод, газ ҳәм канализация жоқ, еки-үш ханада бир неше шаңарақ жасап турған, адам басына 2-3 квадрат метр турар жай туўры келген. Егер Ташкентте орта есапта адам басына 14,2 квадрат метр турар жай туўры келсе, гөне қала бөлиминде бул цифр еки есе кем болған. Шама менен 7 мың шаңарақ сондай жасаған, ҳәр бир шаңарақ ағзасына сәлкем 5 квадрат метрден кем майдан туўры келген. Бул - ең әпиўайы турмыс тәмийнаты шәртлерине де жақынласпайды.

Үлкен қаланың нормал турмысын анық пуқта азық-аўқат тәмийнатысыз көз алдымызға келтирип болмайды. Дүканлар ҳәм базарлардағы аўҳал мийнеткешлердиң, пүткил Ташкент халқының ҳақылы рәўиште наразылығын туўдырған. Егер халықты гөш-сүт өнимлери менен тәмийинлеўдеги үзилислерди бир әмеллеп түсиндирип бериў мүмкин болса, қаламыз базарларында мийўе ҳәм палыз өнимлериниң баҳасы Сибирь ҳәмде Узақ Шығыс дәрежесинде екенин ақлап болмас еди.

Мәселени бир қатар жеңиллестириў ушын республика баспа сөз кооперациясы Ташкент қаласының барлық районларында мийўе-палыз базарларын шөлкемлестирген, бундай базарларда 30 мың тоннадан көбирек аўыл хожалық өнимлери сатылған. Буннан тысқары, «Өзбекбирлесиў», қаладағы тийисли мекемелердиң күш-ғайраты менен аўыл хожалығы өнимлерин келисилген баҳаларда сататуғын 53 дүкан қысқа мүддетте қурып,

пайдаланыўға тапсырылған. Мийўе ҳәм палыз өнимлерин сақлаў ҳәм қайта ислеў базасын беккемлеў ушын үлкен илажлар қурылған. Қытай Халық Республикасынан қосымша тәризде картошка сатып алынған.

Ташкент қаласында жасаўшы халыққа бағшылық-жүзимшилик ушын ажыратып берилген участкалар көбейип барған. Бул, өз нәўбетинде азық-аўқат тәмийнатын бир қанша жақсылаўға ҳәм адамлардың бос ўақтын пайдалы ислерге сарыплаўға, адамлардың саламатлығын беккемлеўге хызмет қылған.

Адамлар қандайда бир талап-зәрүрликлерин гөш яки қант-шекер, спиртли ишимлик яки сабын болсын, сол нәрселер менен тәмийинлеўдеги қыйыншылықларды мәлим бир ўақытқа шекем түсиниўи, буған қанаат қылып турыўы мүмкин. Бирақ олар өзлериниң қәўипсизлигинен айырылғанын түсине алмайды, буған тақат ете алмайды. Шаңарақтың, перзентлердиң, жақын адамлардың турмысы ҳәм ден-саўлығы, үй-жайының қол қатылмаслығының сақланыўына, неше он жыллар даўамында мийнет себепли арттырылған мүлкиниң сақланыўына ҳеш нәрсе кепиллик бермесе олар қандайда бир бийзары, экстремист топарлардың қысымы астында ўайран болса, администраторлар инсан шахсы ҳәм турмысының қол қатылмаслығын тәмийинлемесе, буны ҳүжданлы адам, қабыл ете алмайды.

Ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында республикамызда адамлардың турмыс тәмийнаты машқалалары топланып қалған ҳәм олар оғада өткир түс алған еди. Пуқара ҳәкимияттан күтип атырған ең тийкарғы нәрсе – ҳәр бир адамның жумысқа, үй-жайға ийе болыўы, азық-аўқат, кийим-кеншек, нормал турмыс ҳәм дем алыў, перзентлерди тәрбиялаў ушын дәрамат излеп таба алыўы менен байланыслы еди. Бул дәўирде дүканларда турмыслық зәрүр өнимлер турмаған, ҳадал мийнет пенен ислеп табылған ақшаға ең әпиўайы нәрселерди нәўбетте узақ турып, жоқары баҳаларда сатып алыўға адамлар мәжбүр болған.

Журтымызда 1989 жыл 17 августта **«Аўылда жасаўшы ҳәр бир шаңарақты қыйтақ жер менен тәмийинлеў, оларға жеке тәртипте үй-**

**жайлар қурыў ушын барлық шарт-шараятларды жаратып бериў ҳаққында»** қарар қабыл қылынды. Қарарда аўылда жасаўшы ҳәр бир адамға орташа 25 сотихдан жер ажыратып бериў ҳәм қыйтақ жер майданларын 4,5 есеге көбейтириў көзде тутылған еди.

Бул бойынша әмелий ислер нәтийжесинде 1989-1990 жылларда бир ярым миллионнан көбирек шаңарақларға қосымша жер ажыратылды, 700 мың шаңараққа жаңа қыйтақ жерлери берилди.

Бүгин толық исеним менен айтыў мүмкин, бул қыйын мәселеге әне сондай ақыллылық пенен мүнәсибетте болыў себепли Өзбекстан бойынша мың-мыңлап адамлар үй-жайлы, жумыслы болды, базарларда өним көбейип, баҳалар арзанласты, ең әҳмийетлиси жәмийетлик кескинликтиң алдын алыўға ерисилди.

Буннан тысқары жүз мыңлап гектар суўғарылатуғын жер техник егинлер айланысынан шығарылды, пахта жетистириў режеси 700 мың тоннаға кемейтирилди. Бул- пахта монополиясын сапластырыў жолындағы дәслепки, бирақ оғада әҳмийетли қәдем еди.

Президентимиз аўыллық жерлерде халық ушын қыйтақ жерлер ажыратыўды кеңейтириў мәселесине бир қанша кең қарап, бул шаралар арқалы көплеп әҳмийетли мәселелерди шешиўди, соның ишинде азық-аўқат дәсүрин атқарыўды көзде тутқан еди. Жеке хожалықтағы жердиң бир гектары жәмәәт секторындағыға салыстырғанда төрт есе көп өним береди. Жеке жәрдемши хожалықтың бир гектарынан алынатуғын өним 12,5 мың сомды, жәмийетлик секторда болса сәлкем үш мың сомды қурайтуғын еди.

Республикадағы сүрип егилетуғын жерлердиң тек ғана 5 пайызы жеке жәрдемши хожалықларға берилген, олар аўыл хожалығы жалпы өнимлериниң төрттен бир бөлимин ислеп шығармақта еди. Жетистирилип атырған аўыл хожалық өнимлериниң 26 пайызы, сол қатарда, гөштиң 49 пайызы, сүттиң 65 пайызы, жүнниң 66 пайызы ҳәм палыз өнимлериниң 43 пайызы жеке қыйтақлар үлесине туўры келеди. 1990 жылдың өзинде жеке хожалықларда жетистирилген аўыл хожалығы өнимлериниң улыўма көлеми

300 миллион сомнан асқанлығының өзи жер мәселесиндеги қарардың әҳмийетин айқын көрсетеди.

Екиншиден, бул қарар үй-жай дәстүрин шешиўге жәрдем береди. Жеке тәртипте үй-жай қурыў өз салмағына көре үй-жай дәсүринде 60 пайыздан көбирегин қурап, сол дәўирде бул көрсеткиш 89-90 пайыз әтирапында орынланған. Халыққа жер участкалары, ақша ссудалары ҳәм зәрүр қурылыс материалларын ажыратып бериў бул процессти бир қанша тезлестирди.

Үшиншиден, бул қарар жумыссызлық машқаласын шешиўде қол келеди. Мәселен, Ферғана ўәлаятындағы 149 жәмәәт ҳәм мәмлекет хожалығының ҳәр биринде халық пенен шәртнама тийкарында үй-жай қурыўшы 50-60 адамлық қурылыс бригадасының дүзилиўи есесине 7,5 мың адамды жумыс пенен тәмийинлеў имканияты туўылды. Хорезм ўәлаяты хожалықларында гербиш, қурылыс буйымлары ҳәм басқа нәрселер таярлайтуғын жәрдемши кәрханалардың қурылыўы қурылыс материаллары жетиспеўшилигиниң алдын алыў менен бирге, үш жыл даўамында ислеп шығарыўға қосымша тәризде 2,5 мың адамды жумыс пенен тәмийинлеў имканын берди. Бул адамларды жәмийетлик ислеп шығарыўға тартыўдың туўрыдан-туўры жолы еди.

Төртиншиден, ҳаяллардың жумыс пенен бәнтлиги машқаласын шешиў имканы туўылды. Ҳаяллар жәмийетлик пайдалы мийнет пенен бәнт болмаған халықтың бир қанша бөлимин қурап, көп балалы шаңарақларда олар балалар тәрбиясы, үй жумыслары менен бәнт еди. Ҳаяллардың өз қыйтақ жерлеринде хожалық пенен рәсмийлестирилген шәртнама, мийнет стажын есаплаў ҳәм кейиншелик пенсия тәмийинлеў тийкарында аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўи олардың шаңарақ мәплерине сай келетуғын ис болды.

Бесиншиден, жәмийетлик-сиясий турақлылық мәселеси шешилди. Жумыссызлық, бийкаршылық жәмийет ушын зыянлы қатты-ҳәрекетлерге, жынаятлар болыўына себеп болады. Соған көре, көпшиликтиң кәсип-өнери жоқ, мийнет қылыў көнликпесине ийе болмаған жасларға жер участкаларының ажратып берилиўи оларды мийнет қылыўға, жасларға жерге

ийелик етиў туйғысы, мийнет көнликпелери қәлиплести. Сол дәўирде республикамыз аўылларындағы ҳәр бир бес шаңарақтың биреўинде де шарўа малы, 37 пайызында сыйыр, ярымында қой бағылмағаны бул машқаланың сол дәўирде оғада әҳмийетли болғанлығын көрсетеди.

Президентимиз аўыллық жерлерде жасап атырған халықтың турмыс дәрежеси пәслиги, жасаў шараятының аўырлығы, азық-аўқат өнимлери тәмийнатындағы қыйыншылықларды есапқа алған ҳалда әҳмийетли бир усыныс – ҳәр бир шаңарақты сыйыр менен тәмийинлеў мәселесин күн тәртибине қойды. Бул илажды узаққа созбай, 1991-жылдың өзинде аўылларда жасаўшы барлық шаңарақларды сыйыр менен тәмийинлеўге ерисиўдиң төмендеги жолларын көрсетип берди:

- мал сатып алыў ушын арнаўлы кредит бериў,

- жәмәәт падаларынан ҳәр бир шаңараққа бузаў тапсырыў шәрти менен имканы болса, ҳәтте сол шәртсиз де ақшасыз сыйыр бериў.

Мәмлекет халқының абаданлығын асырыў ҳәм мийнеткешлерди социаллық қорғаўдың нәтийжели кепиликлери ҳаққында сөз кетер екен, төмендегилерди айрықша айтып өтиў лазым. Өзбекстан Президентиниң «Республика халқы жеке хожалықлардағы маллар ҳәм қусшылықты от-жем менен тәмийинлеў ҳәм оларға шарўа өнимлерин жетистириўди көбейттириў ҳаққында» ғы 1990-жыл 10 майда қол қойылған Пәрманын орынлаўға қаратылған қатар қарарлар қабыл қылынды. Сол негизде 1990-жылдың 1-июлинен баслап жәмәәт ҳәм мәмлекет хожалықлары халыққа сататуғын пишен ҳәм ширели от-жемлерди таярлаў режесине қосып есаплай баслады. 1990-жылда жеке хожалықларға сатыў ушын мәмлекет ресурсларынан 400 мың тонна омухта жем ҳәм 60 мың тонна гунжара, 75 мың тонна шигит қабығы, 3,8 мың тонна пуш шигит ҳәм 100,9 мың тонна пиво өнимлери ажыратылды. Жәмәәт ҳәм мәмлекет хожалықларына олар халыққа сататуғын пишен ҳәм ширели от-жемлерди жетистириў ҳәм таярлаўға қылған сарп-қәрежетлердиң 50 пайызы төленди[1].

[1] Шарипов Р.Ш. Ижтимоий ва иқтисодий кафолатлар.-Т.: «Ўзбекистон» 1991.7-8-бетлер.

Соны айрықша айтып өтиў лазым, соған уқсас илажлардың ҳәммеси республика халқына, ең дәслеп ауыл халқына жүдә мақул болды. Ҳақыйқаттанда, жеке жәрдемши хожалықлар ушын ҳәм жеке тәртиптеги үй-жай қурыў ушын берилип атырған жердиң көбейтирилиўи, сол мақсетте ссудалар көлеми ҳәм қурылыс материалларын сатыўдың көбейиўи сондай илажлар қатарына киреди.

Сондай-ақ аўылда жасайтуғын адамларды жумыс пенен тәмийинлеў бойынша бир қатар тийкарғы бағдарларға итибар қаратыў зәрүрлиги белгилеб берилди (1-сүўретке қараң).




**1-сүўрет**. Аўылда жасайтуғын адамларды жумыс пенен тәмийинлеўдиң тийкарғы бағдарлары.

Аўыл халқын тәбиий газ ҳәм ишимлик суў менен тәмийинлеў республика бағдарламасын әмелге асырыў ушын биринши нәўбетте дәрамат ҳәм материаллық ресурсларды сарплаў ҳаққында ҳүкимет қарары қабыл етилди. Аўыл халқын тәбиий газ ҳәм ишимлик суўы менен тәмийинлеў шаралары белгиленген республика бағдарламасының орынланыўы:

-1990 жылда 2200 километрлик суў ҳәм 3000 километрге жақын газ тармақлары иске түсти. Бул болса және 270 мың халықты ишимлик суўы менен, 120 мың шаңарақты болса газ бенен тәмийинлеў имканын берди,

-1991 жылы аўылларда 4 мың километрден аслам газ тармақларын қурыў керек еди. Және 200 мың шаңарақ газ бенен тәмийинлениўи, 5,5 мың километрлик ишимлик суўы трубалары иске түсирилиўи белгиленди. Қулласы, аўыллық жерлерде жәмийетлик инфраструктура объектлери қурылысы ушын 1 миллиард сумнан зыят капитал дәрамат сарыпланды.

Аўыл халқын тәбиий газ ҳәм ишимлик суў менен тәмийинлеў республика бағдарламасын әмелге асырыў ушын биринши нәўбетте дәрамат ҳәм материаллық ресурсларды сарплаў ҳаққында ҳүкимет қарары қабыл етилди. Аўыл халқын тәбиий газ ҳәм ишимлик суўы менен тәмийинлеў шаралары белгиленген республика бағдарламасының орынланыўы:

-1990 жылда 2200 километрлик суў ҳәм 3000 километрге жақын газ тармақлары иске түсти. Бул болса және 270 мың халықты ишимлик суўы менен, 120 мың шаңарақты болса газ бенен тәмийинлеў имканын берди,

-1991 жылы аўылларда 4 мың километрден аслам газ тармақларын қурыў керек еди. Және 200 мың шаңарақ газ бенен тәмийинлениўи, 5,5 мың километрлик ишимлик суўы трубалары иске түсирилиўи белгиленди. Қулласы, аўыллық жерлерде жәмийетлик инфраструктура объектлери қурылысы ушын 1 миллиард сумнан зыят капитал дәрамат сарыпланды.

Сондай-ақ, халықтың, ең дәслеп нагиранлар, оқыўшы ҳәм студентлер, көп балалы шаңарақлар ҳәм басқа дәраматы кем адамларды социаллық қорғаў ушын республика ҳүкимети арнаўлы қарар қабыл етти. Бул қарарда халықтың нырық- баҳаның өсиўи мүнәсебети менен көретуғын зыянын қаплаў көзде тутылған еди. Буннан тысқары, миллий қәсийетлеримиз ҳәм регионымыздың өзине тән шарт-шараятлары да есапқа алынды.

## 1.3. Аўыл хожалығында базар инфраструктурасын раўажландырыў әҳмийети ҳәм тийкарғы ўазыйпалары

Хызмет көрсетиў тараўын раўажландырыў бойынша аймақлық бағдарламаларды түптен қайта көрип шығыў ҳәм аўыллық жерлерде оларды халық, әсиресе, жаслар бәнтилигиниң, аўылда турмыс дәрежесин асырыўдың әҳмийетли факторы сыпатында жедел раўажландырыўға тийисли қосымша шара-илажлар көриў зәрүр.

Бул жөниндеги ең тийкарғы ўазыйпа жағдайға исбилерменлик көз қарасынан қараў, яғный оған өз исин раўажландырыў ушын қандай тосқынлық етип атырғанлығы ҳәм мәмлекет тәрепинен қандай жәрдем кереклигин анықлаў лазым. Жеке секторға аўыллық жерлерде көрсетилип атырған хызметлер түрлерин кеңейтиў ушын зәрүр шәрт-шараятларды жаратыўға да айрықша дыққат қаратыў керек.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов өзиниң “Жаҳон молиявий-иқтисодий дағдарысы, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари” атамасындағы мийнетинде төмендегилерге көбирек дыққат аўдарыўды атап өткен, яғный, **-Нәўбеттеги ең баслы ўазыйпа – бул мәмлекетимизди модернизациялаў ҳәм халық бәнтлигин асырыўдың зәрүр факторы сыпатында өндирис ҳәм социаллық инфраструктураны және де раўажландырыўдан ибарат.**

Жүдә үлкен әҳмийетке ийе болған бул баслы ўазыйпаға айрықша итибар қаратыў зәрүр. Бунын бир қанша себеплери бар.

**Бириншиден,** инфраструктураны раўажландырыў жаңа кәрханаларды жайластырыў ҳәм улыўма экономиканы раўажландырыў ушын зәрүр қолай шәрт-шараятларды жаратады, мәмлекетимиздиң бай минерал-шийки зат ресурсларын өзлестириў имканиятларын кеңейтеди.

**Екиншиден,** өндирислик инфраструктура, ең дәслеп, автомобиль ҳәм темир жоллардың раўажланған системасы, олардың нәтийжели искерлигин ислеп шығарыўдағы улыўма қәрежетлерди кемейтиўдиң зәрүр шәрти ҳәм

факторлары есапланады. Бул болса, өз нәўбетинде, ислеп шығарылып атырған өним ҳәм улыўма экономикамыздың бәсекилилигин асырады.

**Үшиншиден,** социаллық инфраструктураны раўажландырыў, халықты таза ишимлик суўы, энергия менен тәмийинлеў, жәмийетлик тараў объектлерин пайда етиў, ақырғы нәтийжеде халықтың турмыс дәрежесин асырыўға хызмет етеди.

**Төртиншиден,** инфраструктураны раўажландырыў көп мийнет талап ететуғын кең көлемли тараў есапланады. Бул жаңа жумыс орынларын жаратыў, халықтың, әсиресе, жаслардың жумыс пенен бәнтлигин тәмийинлеў, адамлардың дәраматын ҳәм параўанлығын асырыў имканын береди.

Заманагөй өндирислик ҳәм социаллық инфраструктураны жедел раўажландырыўды тәмийинлеў, усы тийкарда экономиканы избе-из ҳәм турақлы раўажландырыў ушын қолай шәрт-шараят жаратыў мақсетинде «2009-жылда өндирислик ҳәм социаллық инфраструктураны және де раўажландырыўға тийисли қосымша шара-илажлар ҳаққында» арнаўлы дәстүр қабыл етилди ҳәм оның орынланыўы қатаң қадағалаўға алынды.

Транспорт инфраструктурасын, биринши гезекте автомобиль ҳәм темир жолларды раўажландырыўға айрықша итибар қаратылмақта. 2007-2010-жылларда улыўма пайдаланыўда болған автомобиль жолларын раўажландырыў бағдарламасының әмелге асырылыўы бүгинги күнде республикамыздың барлық регионлары ортасында жыл даўамында исенимли транспорт байланысын тәмийинлемекте. Сондай-ақ, Бағдарлама шеңбериндеги ислер қоңсы мәмлекетлер шегараларынан өтпестен, жүклерди мәнзилге үзликсиз жеткериў, жолаўшылар тасыў ушын шараят жаратпақта, аймағымыз арқалы өтетуғын жүклер транзитин сезилерли дәрежеде көбейтиўге хызмет етпекте.

2009-жылда жәнеде исенимли транспорт хызметин көрсетиўи ушын қабыл етилген қосымша шара-илажлар менен бир қатарда халық аралық әҳмийетке ийе улыўма пайдаланыўда болған 400 километрден артық

автомобиль жолын модернизациялаў көзде тутылмақта. Солардан, Бийнеў – Бухара – Самарқанд – Ташкент - Андижан жөнелиси бойынша 4 қатарлы халық аралық автомобиль жолын, сондай-ақ, Бухара-Олот ҳәм Самарқанд-Ғузар жолларының стратегиялық участкаларын қурыў гөзленбекте. Соның менен бирге, жергиликли бюджетлер ҳәм Республика жол фонды қаржылары есабынан жергиликли әҳмийетке ийе жолларды реконструкциялаў ҳәм капитал оңлаў көлемин кеңетиў ўазыйпасы қойылмақта.

Темир жол тармақларын қурыўды даўам еттириў де биз ушын үлкен әҳмийетке ийе. 2009-жылда жаңа Ташгузар – Байсун – Қумқорған темир жол линиясында абаданластырыў ислерин ақырына жеткизиў зәрүр. Дийқанабад калий төгинлери заводының қайта ислеў комплексине алып баратуғын жаңа темир жол тармағын қурыў, Жиззақ – Янгиер жөнелиси бойынша электрлестирилген еки жоллы линия ҳәм Янгиер – Фархад жөнелиси бойынша электрлестирилген бир жоллы линия қурылысы бойынша көзде тутылған қосымша шара-илажларды әмелге асырыў керек.

Наўайы аэропорты базасында еркин индустриал-экономикалық зонаны дүзилди, сондай-ақ, Наўайы қаласында жаңадан қурылған аэродромды халық аралық оператор-Кореяның «Кореан-Эйр» компаниясы басқарыўына бериў ҳаққындағы қарардың қабыл етилиўи себепли алдымызда үлкен келешекке жол ашылады. Халық аралық интермодал логистика орайының дүзилиўи оннан тек Қубла-Шығыс Азияны Европа менен байланыстыратуғын континентлер аралық транспорт-экспедиция узели сыпатында пайдаланыў мүмкиншилигин берип ғана қоймастан, ҳәзирги пайытта ол Наўайы ўәлаяты ҳәм қоңсы аймақларда, жоқары технологияларға тийкарланған ислеп шығарыў кәрханаларын қурыў ушын зәрүр шараятлар жаратады.

Социаллық инфраструктура объектлерин жедел раўажландырыў, халық пунктлерин абаданласты-рыўды түптен жақсылаў, соның есабынан қосымша жумыс орынларын жаратыў мәселелери бизиң режелеримизде айрықша орын ийелейди.

Нәзерде тутылып атырған шара-илажлар шеңберинде 2009-жылда узынлығы 2000 километрден артық ишимлик суўы ҳәм 700 километрге шамалас тәбийий газ тармақларын иске түсириў, алыс районларды суйық газ бенен тәмийинлеўди түптен жақсылаў белгиленген.

Турақ жайларды капитал оңлаў, реконструкциялаў ҳәм қурыў бойынша кесип алып ислеў көлемин кеңейтиў, халықтың өсип баратырған талабын қанаатландырыў мақсетинде қала ҳәм районларда турақ жай фонды объектлерин жойбарластырыў, қурыў, реконструкциялаў, оңлаў ҳәм олардың дизайны бойынша жумысларды толық ҳалда, яғный гилти менен тапсырыў шәрти тийкарында жумыс алып барып атырған қәнигелескен жеке оңлаў-қурылыс шөлкемлерин дүзиў нәзерде тутылған.

## II-БАБ. Экономикалық реформаларда аўыл хожалығында инфраструктураны жетилистириў жоллары

### **2.1.** Қарақалпақстан Республикасы экономикасында инфраструктуралар орны

Инфраструктура – хызмет көрсетиў салаларының комплекси болып, қурамынан ислеп шығарыў, социаллық ҳәм базар инфраструктураларын өз ишине алады.

Республикамызда халыққа турмыс жағынан хызмет көрсетиў хызметиниң өз традициялары ҳәм тарийхына ийе болыған системасы қәлиплескен. Экономикалық раўажланыўдың бүгинги жағдайы базар қатнасықлары шараятында хожалық ситемасын түптен қайта көриўден келип шығатуғын социаллық – экономикалық процесслердиң қурамаласыўы менен характерленеди.

Соннан, социаллық сала ҳәм қурамалы система болып, бүгинги күнде бул салада өз шешимин күтип атырған мәселелер көплеп табылады. Соларды есапқа алып, Журтбасымыз Министерлер қабинети жыйналысындағы баянатында: «Әсиресе, аўыл инфраструктурасын раўажландырыўға шынтлап итибар қаратыў лазым. Аўыл халқының мүтәжликлерин заман талаплары дәрежесиндеги тәмийнлей алатуғын ислеп шығарыў ҳәм социаллық инфра структураны пайда етпестен турып, аўыл хожалығында шын мәнистеги жылжыўларға ерисиўимиз, халықтың турмыс дәрежесин көтериўимиз қыйын болады», - деп атап өтилген еди.

Қарақалпақстан Республикасы аймақларында экологиялық ҳәм экономикалық қытшылығын есапқа алған ҳалда, социаллық-турмыслық инфраструктуралардың жағдайын жақсылаў ҳәзирде перспективалық мәселелерден бири болып есапланады.

Халыққа мәдений-турмыслық хызмет көрсетиў инфраструктураларын стратегиясы инсанның жамийеттеги минези оның анық мотив ҳәм турғынлық традицияларға жәнеде жәмийетлик өндиристеги билимлерге тийкарланған болыўы лазым.

**Социаллық инфраструктура** халықтың абаданлығын арттырыў, адамлардың мийнет шараятын ҳәм жасаў жағдайын жақсылаў менен байланыслы әҳмийетли социаллық мәселени шешиў арқалы, жәмийет ағзаларының мүтәжликлерин қанаатландырыўды тәмийинлейди, мәмлекетимиз раўажланыўын тезлестириў, халықты мийнет ҳәм жәмәәт белсендилигин арттырыў ушын жағдай жаратады.

Бир ўақыттың өзинде социаллық инфраструктура жәмийетлик өндиристиң нәтийжелилиги өсиўине тиккелей тәсир көрсетеди.

**Инфраструктура** - хызмет көрсетиў салалары комплекси болып, қурамы бойынша өндирислик, социаллық ҳәм базар инфраструктураларын өз ишине алады (Чизма).

Бизиң пикиримизше, бүгинги күнде инсән мүтәжлигин муғдарлық баҳалаўдың анық усылларынан бири социаллық изертлеў усылы болып табылады.

Мүтәжликлерди социаллық баҳалаўда пайда болатуғын тийкарғы машқалалар, олардың инсан аңында анық сәўлелениўи, әйне сәйкеслик, ҳәрекет мотивинде түпкиликли өзгерис, индивидуал социаллық баҳаның изертленилип атырған социаллық аҳўалдың турғынлық традициясы сыпатында улыўмаласқан пикир дәрежесине шекем интеграциялаўы кибилер болып табылады.

Улыўма курылған турақ-жайлардан 204,2 мың кв.м аўыллық орынларына туўры келеди. 2005 жылда 158,6 км суў тармақларын тартыў белгиленип, ҳақыйқатында 192,1 км тартылды ва бу жыллық прогнозға салыстырғанда 121,1 процентти, өсиў темпи болса 95,4 процентти қурады. Шу жумладан, аўыллық жерлерде 165,1 км суў тармақлары тартылып, пайдаланыўға тапсырылды. 2005 жылда 100 км газ тармақларын тартыў белгиленип, ҳақыйқатында 110 км тартылды, яғный прогнозға салыстырғанда 110 процентти, өсиў темпи болса 78,6 процентти қурады.

Аўыллық жерлерде 90 км газ тармақлары тартылды ва 148,6 км суў тармақларын тартыў, сондай-ақ, суў менен 68, газ менен 122 аўыл халық

пунктлерин тәмийинлеў режелестирилди. 2005-жылдың жуўмағы бойынша 29 аўыллық елатлы пунктлери орайластырылған ишимлик суўы менен ҳәм 44 аўыллық елатлы пунктлери алтернативалық суў дереклери менен, 6 аўыллық елатлы пунктлери тәбийий газ 116 сы алтернативалық дереклер есабынан тәмийинленди.

Республика ден-саўлықты сақлаў системасында 2005-жылы янги қурилиш есабынан Амударё туманининг «Назархан» посёлкасида сменасига 50 қатновга мөлшерленген аўыллық врачлық пункти пайдаланыўға тапсырылды. 2005-жыл давомида бул имаратқа Мәмлекетлик бюджет есабынан 66,4 млн. сўм капитал қарежет сарыпланды.

Аўыллық врачлық пунктлерини реконструкция қылыўда 42,6 млн. сўм өзлестирилип, 885 адамды қабыл етиўге мөлшерленген 13 аўыллық врачлық пунктлери пайдаланыўға тапсырылды ҳәм өткен 2004 жылға салыстырғанда 137,2 процентти қурады.

2006-жылдың 1-январь аҳўалына республика халқының орайластырылған ишимлик суўы менен тәмийинлениш дәрежеси 71,8 процентти, тәбийий газ болса 92,4 процентти қурады ва ҳар бир адамга турар жой менен тәмийинлениш 15,4 кв. м.га дурыс келди.

**Инфраструктуралар раўажланыўының стратегиясы.** Стратегия өзинде избе-из орынланатуғын ҳәрекетлер комплексин билдирип, нәтийжели жол ҳәм мақсетке ерисиўди тәмийинлейди. Социаллық-турмыслық инфраструктуралар (СТИ) стратегиясы оның шешетуғын мәселелер триадасы спектрида анықлаўы лазым.

Бул мәселелер триадасы төмендегилерден ибарат: жәмийет раўажланыўында инсанпарварлық бағдарын тәмийинлеў, халықтың үй-жайға, социаллық-мәдений ҳәм турмыслық мүтәжликлерин қанаатландырыў ҳәм жәмийетлик өндирис талапларына сай рәўиште жумысшы күшлерин ҳәр тәреплеме таярлаў. Бунда жәнe муғдарлық тәмийинлениўден пайдаланыў ҳам изленип атырған стратегияның улыўма контуры сыпатында көзде тутылады. Бул контурлардың шегарасында белгили орындағы халықтың индивидуал

хошаметлеўлерди есапқа алып, инфраструктура объектлик ҳәм хызметлери спектри раўажланыўының анық стратегиясы анықланады.

Ҳар бир инсан жәмийетте ҳәм жәмийетлик өндирисите өз орнын анықлаўда оған қойылатуғын талаплар менен өз имкәниятлары дәрежесин өлшеп көреди ҳәм ол яки бул мәниде шахсий имкәниятлары ҳәм жәмийетлик талапларын масластырыўға ҳәрекет етеди. Инфраструктуралар стратегиясын анықлаўда бундай жандасыў орынлы болып, жәмийет ҳәм жәмийетлик өндиристиң өсип барыўшы талаплары шараятында инсанға, оның жәмийеттеги орнына, профессионал көникпелерды әмелге арттырыў имкәнияти, оның хызмет басқышларында өсиў динамикасы, материаллық мәпдарлығын әмелге асырыў дәрежесине байланыслы болып, буның барлығы оның интеллектуал, физикалық, профессионал имкәниятина ийе, руўҳый ҳәм эстетикалық тәрбиясы дәрежеси менен де үзликсиз байланыслы болып есапланады.

Бул нәрсе тийкарынан СТИ салаларында қәлиплестириледи. Соның ушын индивидуал қәлеўлер, деп ойлаймыз, СТИ оптимал раўажланыў стратегиясын орнатыўда әҳмийетли есапланады, бул қәлеўлерди муғдарлар шегарасында әмелге асырыў оларды көпшилик тан олған жәмийетлик өндирис көрсетпелери ҳәм талапларына масластырады.

Социаллық-турмыслық мүтәжликлерди қанаатландырыў процессине, олардың сайкес мақсетке бағдарланыўында мәлим мәниде инсанды жоқары мийнет өнимдарлығына хошаметлеў процесси сыпатында қараў мүмкин. СТИ хошаметлеўши функциясының методлық тийкарланыўы жоқарыда көрип өтилген болып, онда СТИ мөлшерленген раўажланыўының мәлим басқышларында экономикалық мәселелерин шешиў мақседке бағдарланыўына қарсылық көрсетпейди, керисинше, социаллық мәселелерди шешиўде экономикалық негиз болады, деп атап өтиледи.

СТИ раўажланыўының мақул стратегиясын анықлаўда, халықтың социаллық-турмыслық мүтәжликлерин қанаатландырыўдағи мақсети, көпшилик объект ҳәм хызметлер өз-ара бир-бириниң орнын баса алмаўы

себепли, они пайда етиўши салалар раўажланыўы локал мақсетлерде анықластырылады. Қәлиплескен әмелиятта үй-жай қурылысының сөзсиз жетекшилиги тек ғана инфраструктуралар раўажланыўының дәстлепки басқышында өзин оқлайды.

Үй-жай менен тәмийинлениў дәрежеси өсиўи менен бир ўақытта халықтың үлкен бөлегинде социаллық үстиртин талап ҳәм социаллық-турмыслық мүтәжликлерди "ақылға муўапықластырыў" қуны пәсейеди. Соның ушын халық мүтәжлигин үйрениўде, системалы қатнаста болыў шеңберинде СТИ раўажланыў стратегиясын анықлаўда, келеси дәўир ушын халық барлық индивидуал ҳалдағы қәлеўлер комплексин есапқа алыў зәрүр болады.

СТИ раўажланыўының нәтийжелилигин нормалық баҳалаў онда қәлиплесетуғын социаллық ҳәм ишки күчи патенциялы муғдары бойынша анықланады ҳәм сәйкес мүтәжликлерди қанаатландырыўда халық зәрүриятын баҳалаўды билдиреди. Бул мийнет өнимдарлығы көрсеткишлери ҳәм кадрлар турақсызлығы өзгешеликлеринен келип шығады, мас рәўиште олардың қунлары инфраструктуралар ҳәр бир саласы раўажланыўы менен инсан қәлеўи дәрежесине байланыслы ҳалда қәлиплеседи.

Мийнет ҳәм кадрлар турақсызлығының орнатылған нызамшылығы халықтың үй-жай, социаллық-мәдений ҳәм турмыслық мүтәжликлерин қаноатландырыўға байланыслы рәўиште социаллық-экономикалық потенциалын үзликсиз ҳалда өзгерип барыўын сәўлелендиреди. Соның ушын потенциял СТИ мөлшерин халықтың зәрүрлик мүтәжлигин көбирек қанаатландырыўға бир тегис бағдарланған деб қараў мүмкин.

Инфраструктура салалары раўажланыў дәрежесине халықтың талапларын болжаў ушын олардың СТИ объектлери ҳәм хызметлери менен тәмийинлениў дәрежесине халық мүтәжлигиниң орнатылған прогнозлық байланысларынан пайдаланылады.

Прогнозлық байланыслардан пайдаланыў СТИ раўажланыў процессине динамикалық характер береди ҳәмде ҳәр бир адымда инфраструктура салалары бойынша капитал қәрежетлерниң мақул қурамы анықланады.

СТИ раўажлвныўының стратегиялық концепциясы улыўма алғанда, төмендегише анықланыўы мүмкин. СТИ раўажланыўының ерисилген дәрежесинен келиб шығып, прогнозлық байланысыўлар жәрдемиде оны пайда етиўши салалар раўажланыўының қанаатландырарлы, жарамлы ҳәм критикалық дәреже қунлары орнатылған болсын.

Ҳәр бир сала бойынша раўажланыўдың ерисилген дәрежеси сәйкес қунларын салыстырыў мийнет нәтийжелилигиниң максимумына яки кадрлар турақсызлығының минимумына мөлшерленген СТИ ни анықлаў ҳәм усының менен бирге функцияны орнатыў имкәнин береди:

Сондай етип, СТИ раўажланыў дәрежесиниң шегаралық қунларын есаплаў диагнозы да сәйкес функцияны таңлаў режелестириўдың ҳәр бир адымында әмелге асырылады, олардың топламы болса толық болжанылып атырған дәўирде СТИ раўажланыў стратегиясын анықлайды.

## 2.2. Инфраструктура объектлерин мәмлекет тәрепинен экономикалық қоллап-қуўатлаў системасын жетилистириў

Экономикалық реформалардың әмелге асырылыўы процессинде жер қатнасықларын тәртипке салыў ҳәм басқарыўда мәмлекет тәрепинен нәтийжели басқарыў дизими жаратылмақта. Шөлкем-хуқықый база тийкарында жаратылған бундай дизим жерден нәтийжели ҳәм ақылға муўапық пайдаланыўды, оны сақлаўды, жер өнимдарлығы бойынша қайта ислеп шығарыўды ҳәм оны әмелге арттырыўды тәмийнлеўи зәрүр. Сол менен бирге, базар факторлары жер қатнасықларын тәртипке салыўда ең нәтийжели фактор болып есапланады.

Жер қатнасықларын тәртипке салыў, жәмийет раўажланыўының бәрше басқышларында әмелге асырылған. Оның махсети – жер менен байланыслы болған ҳәр түрли мәплерди тәртиплестирген халда әмелге арттырыў ҳәмде бул бағдардағы қарама-қарсылықлардың алдын алыў ҳәм шешиўден ибарат.

Әсиресе, мәмлекетимизде базар экономикасына өтиў дәўиринде жер қатнасықларын тәртипке салыў зәрүрлилиги жәнеде күшейди. Жәмийетимиздиң бийқарар сацияллық экономика раўажын тәмийнлеў мақсетинде, бул дәўирде экономика ҳәм ислеп шығарыўдың жаңа тармақлары пайда болыўы менен жер ресурсларын махсетли қайта жийнаў ҳәм олардан нәтийжели пайдаланыў зәрүрети жүзеге келди.

Раўажланған мәмлекетлер тәжрибеси соны көрсетеди, жер қатнасықларын қәлплестириўде тәртипке салыўдың басланғыш шөлкемли бөлими барлық ўақытта мәмлекетке тийисли болады, базар механизими болса жәмийет мәплерин есапға алған халда бар нызамшылық шеңберинде қәлиплести ҳәм жетилиседи. Сол көз қарастан, Өзбекстан республикасы призедентиниң 2006-жылдың 24-июлдағы «юридикалық тәреплар ҳәм пухаралардың имаратлары ҳәмде қурылмалары-үскенелери менен бәнт болған жер участкаларын реформаластырыў хаққында»ғы пәрманы мәмлекетимизде жер қатнасықларын сыпат ҳәм мазмуны жағынан абсолют жаңаша дәрежеге көтереди, салада түпкиликли базар реформаларын әмелге

арттырыў ушын там мәнидеги хықуқый негиз болып хизмет етеди. Сол менен бир қатарда, айрықша айтып өтиў орынлы, илгери жерден бий ақша пайдаланыў оның сыпатына унамсыз тәсир көрсетер ҳәм жерлердиң жағдайы жаманласыўының тийкарғы себеплеринен бири еди.

Мәмлекеттиң жерлерди сақлаўға ҳәм олар сыпаты жәнеде зүрәәтлилигин арттырыўға қаратылған илажларға қарамастан, сондай халат жүз береди. Сол себепли, бул киби унамсыз жағдайлардың алдын алыў ушын мәмлекет тийкарғы тәртипге салыўшы емес, бәлки базар механизими сыпатында майданға шықпақта. Әйне, усы пәрманда жер базарын қәлплестириўдиң шөлкемий-хықуқый, финанслық ҳәм техник механизими жаратылыўына тийкар салынып атыр. Нәтийжеде, жер ресурсларын басқарыўда экономикалық методларға өтиўи, жер ресурсларынан пайдаланғанлығы ушын ижараға ҳәмде жер салығы көринисиндеги төлеўдиң жер ресурсларынан тежемли менен ҳәм нәтийжели пайдаланыўды жәнеде бәсекелесиў қуралына айландырыў имканиятлары кеңейеди. Жерден пайдаланғаны ушын төлеўлер сыяқлы, жер участкаларына меншиклестириўден түсетуғын өнимлер мәмлекетке яғний жәмийетке тийисли болыўы белгилеп қойылмақта. Олар мәмлекет бюджети дәраматларының исенимли жәнеде беккем дәреклерине айланыўы тәмийнленеди.

Өзбекстан Республикасында жер ушын төлеў, сондай-ақ жерлерди меншиклестириў механизмлеери жер қатнасықларын экономикалық тәртипке салыўда ең керекли зәрүрлиликлерден болып есапланады. Олар арқалы мәмлекет жерден пайдаланыўшылардың экономикалық мәплерин хошаметлендирип отырады ҳәм сол арқалы оларды жерден ақылға муўапық жәнеде нәтийжели пайдаланыўға шақырады. Соның менен бирге, жер ушын төлеў ҳәм жерлерди меншиклестириў процесслерин шөлкемлестириўдиң экономикалық механизимди ҳәмде оның тийкарғы қурамлылық элементлерин изертлеў үлкен әхимийетке ийе.

## 2.3. Инфраструктура субъектлери, түрлери ҳәм олардың аўыл хожалығын раўажландырыўдағы тутқан орны.

Республикамызда аўыл хожалығын раўажландырыўға қаратылған кең қамыраўлы илажлар әмелге асырылмақта. Ең алды менен, аўыл хожалығының өзиндеги қурамлы өзгерислер минтақалардың тәбийғый шараятынан келип шыққан ҳалда, халықтың азық-аўқат өнимлерине болған талабын қандырыўға қаратылған болса, екиншиден усы тармақлардың раўажланыўында әҳмийетке ийе болған ислеп шығарыў инфраструктурасын кеңейтириў менен аўыл хожалығына көбирек хызмет көрсететиў арқалы дийханшылық ҳам шарўашылық тармақларын кескин раўажландырыў ўазыйпасы қойылған. Мәмлекет аўыл хожалығына хызмет көрсетиўши өндирислик инфраструктурасы субьектлерин раўажландырыўда ҳүкиметимиз тәрепинен жаратылып атырған шараятлар үлкен әҳмийетке ийе. Бул тараўда хызмет көрсетиўши тармақлардың ҳуқықый ннегизи белгиленди ҳам хызмет көрсетиўши кәрхана менен аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыўшы фермер, дийхан ҳам басқа турдеги хожалықлар арасындағы экономикалық қатнасықлар жақссыланып бармақта. Улыўма алғанда, Республикамызда аўыл хожалығы өндирислик инфраструктурасын жедел раўажландырыў зарүрлигине бир қанша себеплер тәсир көрсетпекте.

Бириншиден, өзиниң материаллық - техникалық қураллары жетерли болмаған фермер ҳәм дийхан хожалықлары санының кескин өсиўи. 2003-2006-жыллыр аралығында 1513 хызмет көрсетиўи тамамланған ширкет хожалықлары негизинде 101,6 мың фермер хожалықлары дүзилди, дийхан хожалықларының саны 4177,6 мыңнан 4631,7 мыңға жетти, яғный 454,1 мыңға көбейди. 2007-жылда фермер хожалықлары 27,9 мыңға көбейип, олардың саны 217,1 мыңға жетти. Бул өз гезегинде хызмет көлемин асырыўды талап етеди.

Екиншиден, фермер хожалықларының белгили бөлегиндеги финанслық турақластырыў, өндирислик хызмет түрлерине болған талапты арттырады.

Үшиншиден, аўыл хожалығы өнимлерин өндириўде зүрәәтлиликти, өнимдарлықты, өним сапасын асырыўға қаратылған иләжларды әмелге асырыўда жаңа техника, технологияларға тийкарланған арнаўлы қәнигелестирилген хызмет түрлеринен болған талаптың артыўы.

Улыўма айтқанда, бүгинги күнде аўыллық аймақларында өндирислик инфраструктурасы бөлимлериниң раўажланғанлығы, олардың хызметинен пайдаланыўшы хожалық субьектлериниң раўажланыўынан арқада екенлиги аўыл хожалығының жедел раўажланыўына жетерли тәсир көрсетип атырған жоқ. Себеби, 2006-жыл жағдайына қарай отырып һәр бир мың фермер хожалығына тек қана 5 “Минибанк”, 6,3 жанар май сатыў, 5 минерал төгин ҳам химиялық воситалар сатыў, 2 зооветеринария хызметлерин корсетиў шақапшалары,7,3 алтернативалы машина трактор парклери, 6,3 суўдан пайдаланыўшы бирлеспелер хызмет көрсетпекте.

Инфраструктура субъектлери аўыл хожалығында өндирислик қатнасықлар ҳәм аўылда социаллық – экономикалық раўажландырыўдың тийкары есапланылып, хызмет көрсетиў ҳәм тәмийинлеў системасындағы кәрханалар жумысын раўажландырмастан экономиканың ири тармағы – аўыл хожалығында экономикалық турақлы өсиў динамикасын тәмийинлеў тийкарында аўыл хожалығы кәрханалары ҳәм дийқанлардың дәраматларын көбейтиў мүмкин емес.

Инфраструктура субъектлери республикамыздың аўыллық районлардағы өндирислик, социаллық ҳәм экономикалық процесслерди толық жәмлеп алып, шөлкемлестириўшилик - экономикалық, социаллық, ҳуқуқый, информациялық, экологиялық, басқарыў ҳәм басқа түрдеги хызметлер көрсетиў ис ҳәрекетлерин өз ишине алады, ең тийкарғысы - өндирис процессине тиккелей унамлы тәсир көрсетпекте.

Аўыл хожалығында инфраструктура субъектлери оның ўазыйпасы, бағдары ҳәм хызмет көрсетиў дәрежесине қарап айырым исбилермен шахслар ямаса топарлар тәрепинен, базы ҳалларда болса мәмлекет тәрепиненямаса тиккелей оның қатнасығында шөлкемлестирилмекте. Себеби аўыл хожалығында товар өнимин өндириўди жоқары темплерде өсиўине ерисиў ушын инфраструктура субъектлерин шөлкемлестириў хәм раўажландырыўға басланғыш басқышта ири муғдарда капитал киргизилиўи талап етиледи. Инфраструктура субъектлерине сарыпланған капитал басқышпа – басқыш алынып, сарыпланған капитал тек ғана тиккелей исбилерменлер есабынан емес, ал барлық қатнасыўшыларға (фермер, кәрхана ийеси ямаса аталыққа алған шөлкем ҳәм жергиликли Мәмлкетлик органға) қайтады.




1-сүўрет. Инфраструктура комплексиниң түзилиўи қурамы.

Бизге мәлим болғанындай аўыл хожалығына инфраструктура субъектлери өз-ара экономикалық қатнасықларда орынлайтуғын ўазыйпалары, мақсетлери ҳәм жумыс алып барыў бағдарларында бир неше қурамлық элементлерди бирлестирип, улыўма системада инфраструктура субъектлери комплексин пайда етеди.

Инфраструктура субъектлери комплекси төрт белги бойынша характерленеди, атап айтқанда:

1. Өндирис процессине тәсири дәрежеси;

2. Аймақлық жайласыўы;

3. Тараўлық көз қарастан;

4. Мақсетли ис хәрекети бағдары.

Базар қатнасықларын қәлиплестирилиўи ҳәм раўажланыўы дәўиринде аўыл хожалығы инфраструктура субъектлери өндирислик, социаллық, институционаллық, жеке, экологиялық ҳәм базар субъектлери сыпатында айрықша ис алып барсада, олар өз-ара қатнасықларда бир бирине байланыслы рәўиште қәлиплеседи ҳәм раўажланады (1-сүўрет).

**Өндирислик инфраструктура** аўыл хожалығында өндирилетуғын тутыныў азық – аўқат өнимлери ҳәм басқа түрдеги товарларды таярлаў, сақлаў, қайта ислеў, комплектлеў, қадақлаў, орналастырыў, оралатуғын ыдыслар менен тәмийинлеў, тасыў, тәмийинлеў ҳәм ремонтлаў жәнеде сатыў сыяқлы хызметлер көрсетиўши шөлкем ҳәм кәрханалар комплексин қурайды. Бакалавр жумысларын алып барыў барысындағы нәтийжелерге қарағанда, усы инфраструктура субъектлери «экономиканы еркинлестириў процессинде аўылдағы барлық хожалық субъектлериниң өндирислик процессинде тиккелей емес, ал жанапай қатнасыў тийкарында өндиристи үзликсиз ҳәм бир қәлипте жумыс алып барыўы жәнеде турақлы раўажланыўы ушын зәрүр шәрт-шараятлар жаратып береди».

**Социаллық турмыс жағынан хызмет көрсетиў инфраструктурасы** инфраструктура субъектлери аўыл пуқараларының социаллық руўхый, мәдений, ағартыўшылық, илимий ҳәм басқа жумыслары бойынша бағдарлары, пуқаралардың өз-ара қатнасықларын бир-бирине байланыстырыў ҳәм байланыслылығын тәмийинлеў ҳәм де раўажландырыўға хызмет көрсетиўши тармақ ҳәм субъектлер комплексинен ибарат. Социаллық инфраструктура субъектлери аўыл халқының турмыс дәрежесин белгилейтуғын турақ жай қурылысы, ден-саўлықты сақлаў, билимлендириў, физикалық тәрбия ҳәм спорт, арнаўлы байланыс тармағы, транспорт, улыўма аўқатланыў хызметлери, улыўма халықтың ҳәр тәреплеме раўажланыўына унамлы тәсир етиўши басқа салаларды өз ишине алатуғын ҳәм байланыстырыўшы система сыпатында жумыс алып барады.

**Институционаллық инфраструктура** инфраструктура субъектлери аўыл хожалығын жүргизиў ҳәм жумысларын шөлкемлестириў, мәмлекет тәрепинен басқарыўды әмелге асырыў менен байланыслы шөлкемлестириўшилик процесслерин өз ишине алады. Институционаллық инфраструктура субъектлери басқарыўшы ролде хызмет көрсетеди ҳәм басқарыўшылық ўазыйпалары дәрежесинде аўыл хожалығының аймақлық, тараўлық өндирислик бөлимлерине бөлинеди.

**Экологиялық инфраструктура** инфраструктура субъектлери тиккелей аўыл хожалығында тәбият, қоршаған орталық әтирап, атмосфераның патасланыўының алдын алыў, таза ишимлик суўы менен тәмийинлеў, аўыл пуқараларын тәбият ҳәм қоршаған орталық әтирапқа болатуғын унамсыз тәсирлерин кемейттириў бойынша статусқа ийе мәмлекетлик органлары, инженерлик үскенелер (қурылмалар) ҳәм лабораториялары, сондай-ақ, экология менен шуғылланатуғын халықаралық ҳәм социаллық шөлкемлерден ибарат. Экологиялық инфраструктура субъектлери аўыл хожалығында жаңа өзлестирилетуғын жер майданлары ҳәм аўыл аймақларын индустриаллық раўажландырыў нәтийжесинде пайда болады. Инфраструктура субъектлери илимий техникалық прогресси нәтийжесинде қәлиплесип атырған унамсыз ақыбетлерин кемейтиў тийкарында тәбияттың жүдә таза ҳалында сақлаў, ең тийкарғысы аўылдағы шекленген суўғарылатуғын жер ҳәм суў ресурсларынан жәнеде нәтийжели пайдаланыў, бул бағдарда халық-аралық көлемде шерикликте ис ҳәрекетин жүргизиўди өз ишине алады.

**Жеке инфраструктура субъектлери** өз мәнисине қарай, ҳәр бир пуқараның руўхый, исбилерменлик, кәсиплик ҳәм басқа жумысларынан ибарат болған «инсан капиталы» есапланады. Жеке инфраструктура аўыл хожалығында товар өнимлерин жетистириўши ҳәр бир ағзаның мийнетин есапқа алыў, оның кәсиплик шеберлиги ҳәм орынланатуғын жумысларынын сапасын (таярлық дәрежесин) қамтып алады.

Тарийхтан белгили болғанындай, ҳәр бир дәўир өзине жараса инфраструктура субъектлериниң жумыс алып барыўы ушын жағдай жаратып

береди. Ауыл хожалығы экономикасы Мәмлекет тәрепинен тәртипке салынған системадан базар қатнасықларына тийкарланған системаға өтиў инфраструктура субъектлери комплексинде әҳмийетли шөлкемлестириўшилик – экономикалық ҳәм ҳуқықый өзгерислердиң болыўын талап етти. Бул өзгерислер ҳәрекеттеги инфраструктура субъектлериниң жаңа формалары, бағдары ҳәм усылларының шөлкемлестирилиўинде көзге тасланбақта.

Ауыл хожалығында базар қатнасықларының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўының тийкарғы талапларынан бири – түрли мүликшилик ҳәм хожалық жүргизиў формаларындағы хожалық субъектлерин шөлкемлестирилиўи ҳәм тең ҳуқықта жумыс алып барыўы есапланады. Республикамыз аўыл хожалығында усы талап әмелге асырылыўы өндирислик ҳәм социаллық инфраструктура субъектлери менен сәйкес рәўиште **базар инфраструктура субъектлери** ҳәм қәлиплестириле баслады. Бул бир қанша қурамалы ҳәм анық ўақытты талап ететуғын процесс болып, аўыл базар инфраструктура субъектлериниң экономикалық ҳәм ҳуқықый механизмлерин, атап айтқанда өз-ара шерикликте жумыс алып барып атырған шөлкем ҳәм институтларды да шөлкемлестириў; хожалық субъектлери қатнасықларын тәртипке салыўшы улыўма тәртип – қағыйда, нызамлар ҳәм нормативлик ҳүжжетлерди ислеп шығыў ҳәмде қабыл етиў, усы субъектлерде мийнет етиўге мүмкиншилиги болған маман қәсиплик шеберлигине ийе болған қәнигелерди таярлаў зәрүр еди. 1990-жылдан баслап базар инфраструктура субъектлери базар қатнасықларына өтиўде зәрүр болған хызмет көрсетиў салалары комплексинде, атап айтқанда коммерциялық, көтере саўда кәрханалары, саўда – сатық кооперативлери, товар биржалары, ярмаркалар, хабар – мағлыўматлық орайлары сыпатында шөлкемлестириле басланды.

Базар инфраструктура субъектлерин республикамызда қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына Мәмлекет тәрепинен үлкен итибар берилди. Бул бағдарында Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов *хожалық жүргизиўши субъектлер ортасында өз-ара қатнасықларды тәмийинлейтуғын орталық,*

*яғный базар инфраструктура субъектлерин шөлкемлестириў тийкарғы ўазыйпалардан бири екенлигин атап өтти*. Бунда административлик буйрықпазлық системасындағы экономикалық қатнасықлар механизмин енгизиў ҳәм соның тийкарында аўыл хожалығы өнимлерин өндириўшилер жәнеде тутыныўшылар мәплериниң уйғынлығын тәмийинлеў тийкарында хожалық байланысларын ҳәр тәреплеме раўажландырыў; товар, капитал, жумысшы күши ҳәм басқа элементлерди қәлиплестириў тийкарында базар инфраструктурасын пайда етиў; базар экономикасы шараятында ислей алатуғын маман кадрлар таярлаў, ең тийкарғысы, стратегиялық жақтан артықмаш бағдарлардан бири сыпатында базар хызмети тармақларн қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў мақсетинде коммерциялық банклери тармағы, заманагөй финанс ҳәм салық системасы, аудит, қамсызландырыў қураллары ҳәм биржа жумысларын раўажландырмастан аўыл хожалығын турақлы раўажландырыў мүмкин емеслиги көрсетип өтилди.

Базар инфраструктура субъектлери қурамына киретуғын шөлкемлер ҳам мекемелер арасындағы өз ара шерикликти жолға қойыу арқалы аўыл хожалығында базар қатнасықларын қалиплестириў ҳам раўажладырыў мүмкин. Бул илаж базар инфраструктура субъектлерин аўыл аймақлары бойынша жайластырыў менен бир қатарда олар тәрепинен жаңа қосымша жумыс орынларының жаратылыўына негиз болады.

Базар инфраструктура субъектлери қурамына төмендеги шөлкемлер, басқармалар ҳам мекемелер киреди, монополиядан шығарыў ҳам бәсекени раўажландырыў мамлекет басқармасы, экономикалық жақтан төмен болған карханалар ислери басқармасы, биржалар (товар-шийки зат, көшпес мүлк, мийнет, фонд ҳам т.б.) ҳамде олардың қурамында жумыс жүргизетуғын брокерлер, маклерлер ҳәм агентлердиң хызметлери; саўда – коммерциялық орайлары саўда үйлери, саўда санаат палаталары, сыртқы саўда фирма ҳәм бирлеспелери; қотере, усақлап сатыў сатыў саўдасы ҳәм басқа түрдеги барлық саўда шөлкемлери; ким асты саўдасын өткизиўши мәкеме ҳәм ярмарка (көшпес мүлик, қымбат баҳалы қағазлар, товар, шийки зат ҳәм т.б. бойынша);

орайлық, коммерциялық, тараўлық ҳәм жеке банклер; лизинг ҳәм инжиниринг бойынша мәкеме ҳәм шөлкемлер; маркетинг мәсләҳаты ҳәм менеджмент орайлары; коммерциялық ҳәм бизнес мектеп (инкубатор)лары; қәнигелерди таярлаў ҳәм қайта таярлаў мәкемелери, (орайлар) киши кәрханалар; мийнет бәнтлилиги менен шуғылланыўшы шөлкемлер; коммерциялық ҳәм илимий – техникалық информациялық орайлар; реклама бюролары; түрли қамсызландырыўлар бойынша хызмет көрсетиў мәкемелери; салық системасы мәкемелери ҳәм инспекциялары; бажыхана системасы мәкемелери; аудиторлық хызмети компания ҳәм фирмалары; консалтинг хызмети мәкемелери; қәсиплик бирлеспе аўқам шөлкемлери; жойбар смета дүзиўши бюролары; дәлдәлшылық (маклерлик) ҳәм дилерлик хызмети мәкемелери; нотариаллық конторалары; адвокатура конторасы; исбилерменлик бирлеспеси; инвестиция фондлары компаниялары; холдинг компаниялары; ломбардлар; агрофирма; кредит кооперативлери; кредитлер аўқамы; тутыныўшылар ҳуқықларын қорғаў бойынша жәмийетлери; тутыныўшылар жәмийетлери ҳәм соған усас барлық хожалық жүргизиўши субъектлери ҳәм физикалық шахслар ортасында болып өтетуғын базар қатнасықларын шөлкемлестириўши ҳәм муўапықластырыўшы мәкемелер есапланылады.

Бизиң пикиримизше, аўыллық аймақларда өндирислик, базар ҳәм социаллық инфраструктура субъектлерин раўажландырыў ең дәслеп:

-аўыллық аймақларда аўыл хожалығы ҳәм оған хызмет көрсетиўши сондай-ақ тәмийинлеў бағдарындағы салалар ортасында бекем экономикалық байланысты жолға қойыў;

-жетистирилип атырған аўыл хожалығы өнимлериниң набыт болыўшылығын кемейтиў;

-хызмет көрсетиў ҳәм тәмийинлеў системасында бәсекешилик орталығын жаратыў тийкарында аўыл хожалығы тараўын турақлы раўажландырыўды тәмийинлеў;

-аўыллық аймақларда мудамылық жаңа жумыс орынларын шөлкемлестириў тийкарында бәнтлилик дәрежесин арттырыў;

-аўыл мийнеткешлериниң жасаў дәрежелери ҳәм дәраматларын асырыў менен обьектив зәрүр есапланады.

Республикамыз аўыл хожалығында инфраструктура тармақларын қәлалестириў ҳәм раўажландырыў ушын – финаныслық қәрежетлер тәмийинаты тийкарғы мәселе есапланады. Ҳәзирги ўақытта аўылдағы исбилерменлер яки фермер хожалықлары инфраструктураниң субьектлерин шөлкемлестириў яки раўажландырыў ушын халық аралық шөлкемлер; коммерциялық банклер; түрли финаныслық фонд яки бирлеспелерден қәрежетлерди жалп қылмақта.

Өзбекстанда әмелге асырылып атырған экономикалық реформалардың басқышларына сәйкес жағдайда инфраструктура субьектлери төмендеги басқышларда қәлплести ҳәм раўажланыўы даўам етпекте, яғний:

**Биринши басқыш (1991-1995-жыллар)-** инфраструктураниң яғний субьектлерин қәлплестириў ҳәм басларын раўажландырыўдың шөлкемли, экономикалық ҳәм хуқуқый механизимлерин ислеп шығылып, услубий ҳәм концептуўал тәдбирлер исбилерменлердиң мүтәжлериниң қандырыў, исбилерменлик тийкарлары бойынша қәнигелерди таярлаў, оқытыў ҳәм қайта кәсиплик таярлаў, саўда-тижорат дүзетпелерин хусусийластырыў, агрохизмет, биржа, хизметлер базарын ҳәм  ташқи экономикалық жумыс дүзилмелери қәлплести.

**Екинши басқыш (1996-1999-жыллар)**-инфраструктура субьектлери комплексиниң қәлплесиўи ҳәм олар жумысы раўажландырылып, бул басқышта экономикада пул-кредит механизмлери жетилистирилди, аўыл хожалығының бәрше салаларын финансластырыў ҳәм кредитлестириўге тийкарландырылған жаңа түрдеги тижорат банклери ҳәм түрли финаныслық фондлар шөлкемлестирилди. Бул басқышта финаныслық институтлар тәрепинен микрокредитлер берилиўи киши ҳәм хусусий менен айрылып турады.

Сондай-ақ, усы жылларда базар инфрадүзелмесиниң қурамлы субьектлери – "Тошкент" фонд биржасы, товар шийки-зат, мийнет, валюта,

көшпес мүлк, көп тармақлы агросанаат биржалары ҳәм олардың филиаллары шолкемлестирилди.

Усы басқышта ислеп шығарыў, базар ҳәм социаллық инфраструктурани субьектлериниң қәлплесиўи ҳәм раўажланыўы аўылда хақыйқый мүлик ийелери классы – фермер хожалықларын раўажланыўына унамлы тәсир көрсетти.

**Үшинши басқыш (2000-2003-жыллар)**-бул басқыш бевосита Өзбекистан аўыл хожалығында экономикалық реформаларды жәнеде тереңлестириў ҳам еркинлестириўдиң басланыўы менен байланыслы болып есапланады. Усы басқышта аўыл хожалығы экономикасына хизмет қылатуғын институтлардан шөлкем тапған беккем дизим жаратылды. Бундай финаныс ҳәм банклер ис ҳәрекетин нәтийжели жолға қойыў, базар инфраструктурасы субьектлерин еркинлестириў, басқа инфрадузетме субьектлери ортасында базарға мас ҳақықый бәсекешилик орталығы жаратылып, олардың жумысы жетилистирилди.

**Төртинши басқыш.** (2004 жыл ҳәм оннан кейинги жыллар) - аўылда економикалиқ реформаларды тереңлестириў, инфраструктура субьектлерин қәлплестириў ҳәм раўажландырыўға, сол қатардан, агрофермерлерди шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўға үлкен итибар қаратылыўы нәтийжесинде, сондай—ақ, агросанаат комплексинде алып барылып атирған қурамлы өзгерислер экономиканың бәрше тармақларында ислеп шығарыў ҳәм экономикалық салохиятини асырыўға сезилерли дәрежеде тәсир көрсетпекте.

# III-БАП. ФЕРМЕР ХОЖАЛЫҚЛАРЫНЫҢ МАТЕРИАЛЛЫҚ-ТЕХНИКАЛЫҚ ТӘМИЙИНЛЕНИЎИ ҲӘМ ОЛАРҒА СЕРВИС ХЫЗМЕТЛЕРИН КӨРСЕТИЎ СИСТЕМАСЫ

## 3.1. Фермер хожалықлары ҳәм хызмет көрсетиўши кәрханалар ортасында экономикалық байланыслар

Фермер хожалығының өнимлерин реализация қылыў бойынша таярлаў шөлкемлери ҳәм басқада кәрханалар менен қатнасықлары шәртнама тийкарында әмелге асырылады.

Мәселен пахта жетистириўши фермер хожалықларынын райондағы пахта тазалаў ашық акционерлик жәмийетлери менен пахтаны сатыў бойынша қатнасықлары төмендеги тәртипте әмелге асырылады.

Фермер хожалықлар жыл басында усы жылғы болатуғын ҳасыл ушын пахта тазалаў заводы менен шәртнама дүзеди. Буннан тысқары  хожалықлар ыхтиярында қалатуғын пахта шийки затынан шыққан шигитти де еркин баҳа тийкарында сатыў ямаса май экстрация заводына қайта ислеў ушын жибериўи мүмкин.

Фермерлердиң қалган таярлаў шөлкемлери ҳәм қайта ислеў кәрханалары (консерва заводы, сүт заводы ҳәм тағы басқа) ҳәмде хызмет көрсетиўши қәрханалар («Агрохимиясервис», МТПлар, Нефт өнимлери складлары ҳәм басқа) менен байланыслар да усыган уқса тәртипте шәртнамалар тийкарында әмелге асырылады.

Бирақ, хызмет көрсетиўши карханалардың орынларда азшылыкты қураўы себепли олар монопол мавкега ийе болып, фермерлердиң таңлаў еркинликлерин жоққа шығармақта. Техникалық хызмет корсетиў ҳәм материаллық-техникалық тәмийнаты тараўларында болганы сыяқлы өнимлерди таярлаў ҳәм қайта ислеў менен шуғылланыўшы кәрханаларда азшылықты қурап, өз өнимлеринде жеке ҳәкимликти (монополия мавқеини) қолға киритип алған. Соның ушын, ҳәр бир район көлеминде қайта ислеў кәрханалары тармақларын көбейтиў бойынша қатаң илажларды әмелге

асырыў зәрүр. Өнимлерди қайта ислеўши жаңа цехларды иске түсириў ямаса хызмет көрсетип атырған кәрханалардың бир неше орында өним қабыл етиўши шахабшаларды ошыў керек.

Өнимди шийки зат сыпатында сатыўдан жыл даўамында тер төгип мийнет еткен фермер емес, ал арзымаған пул есабынан оны сатып алып, қайта ислеп сататугын карханалар көп пайда көрмекте.

Кейинги жылларда көпшилик қайта ислеўши ҳәм таярлаўшы кәрханалар ҳәмде хызмет көрсетиўши дүзилмелер мәмлекет карамынан шығарылып, ашық акционерлик жәмийетлерге айландырылды. Бирақ олардың акционерлери көбинесе усы кәрхананың ағзаларынан ибарат болмақта. Соның менен бирге акциялардың көпшилиги мамлекетке тийисли болып калмақта. Бизиң пикиримизше қайта ислеўши ҳәм таярлаўшы кәрханалардың жеке ҳәкимлигин жуўмақлаў ҳәм фермер хожалықларының оларга байланыслылығын сапластырыў ушын, бундай карханалар акцияларының көпшилик бөлегин биринши гезекте усы кәрханаларга өним жеткерип бериўши хожалықларга сатыў керек (ҳеш болмағанда кадагалаў пакети муғдарында) шығарылган жумыс ислеўшилер ийелик етиўи карханада ислеўши жумысшылар ямаса баска аўыл хожалығы кәрханаларының озлери өним сататугын қайта ислеўши ҳәм таярлаўшы кәрханаларынын акцияларына ийе болса, олар да усы кәрханалар пайдасының бир бөлегине шерик сыпатында оларды раўажландырыўға өз үлесин қосады ҳәм басқарыўда сезилерли дәрежеде үлес қосып аўыл хожалығы өнимлериниң арзан баҳаларда сатып алыныўына шек қойады.

Аўыл хожалығында әмелге асрылып атырган экономикалық реформалар арқалы ерисилген натийжелерге тоқталып өткенде Президентимиз өткен жылда аўыл хожалығы ислеп шығарыўының нәтийжелилигин еледе асырыў принципиал әҳийетке ийе екенлигин есапқа алып, фермер хожалықларына ажыратылған жер майданларын оптималластырыўда зәрүрли ислердиң әмелге асырылганлығы, алдын ала зыян көрип ислейтуғын, рентабиллиги төмен ҳәм келешеги жоқ ширект хожалықларын сапластырыў негизинде

шөлкемлестирилген жеке фермер хожалықлары бүгинги күнде аўылда жетекши буўынға-аўыл хожалығы өнимлерин ислеп шығарыфўшы тийкарғы күшке айланғанлығын айтып өтти.

Фермер хожалығы раўажланған мәмлекетлерде узақ дәўирли тәжрийбесинде өзиниң нәтийжелилиги, бәсекеге шыдамлылығы, базар конъюнктурасына тез масласа алыўы сыяқлы қәсийетлерин өзинде көрсете алды. Соған қарап Өзбекстанда да фермер хожалықларының раўажланыўына үлкен итибар қаратылып, олардың искерлик көретиўи ушын зәрур экономикалық шәрт-шараятлар жаратылды, норматив-хуқықый тийкарлары ислеп шығылды.

Өзбекстанда базар қатнасықларына өтиў шараятында фермер хожалықларының шөлкемлесиўи аграр тараўдағы реформалардың тийкарғы мазмунын қурады. Фермер хожалықларынын дүзилиўи басқышпа-бақыш ҳәм избе-из тийкарында алып барылды.

Президентимиз өз китапларында мәмлекетимизде фермер хожалықларын материал-техникалық тәмийинлеў ҳәм финансластырыў бойынша базар экономикасы принциплерине толық жуўап беретуғын исенимли система ҳәм механизмлер формаланганлығы ҳәм нәтийжели хызмет көрсетип атырганлығы өз алдына итибар қаратты.

Ҳәр жылы фермер хожалықларын қоллап қуўатлаў ушын үлкен муғдарда материаллық ресурс ҳәм қаржылар ажыратылмақта. Тек ғана өткен 2008 жылдың өзинде аўыл хожалығы өнимлерин ең зәрүр түрлерин жетистириў ушын 1 триллион сум, соннан, пахта таярлаўға 800 миллиард сум, ғәлле жетистириўге 200 миллиард сум қаржы аванс сыпатында берилди. 2009 жылда бул мақсетлер ушын 1 триллион 200 миллиард сум ажыратылды. Аўыл хожалығы техникасын лизинг тийкарында сатып алыў бойынша арнаўлы шөлкемлестирилген Фонд есабынан бул мақсетлер ушын өткен жылы 43 миллиард сумнан зыят қаржы ажыратылған болса, бул жылы 58 миллиард сумдан артық қаржы ажыратылыўы режелестирилмекте.

Мәмлекетимиз тәрепинен көрсетилген мине усындай итибар ҳәм әмелий жәрдем себепли 2008-жылда фермер хожалықларының аўыл хожалығы өнимлериниң тийкарғы түрлерин ислеп шығарыўдағы үлеси сезилерли дәрежеде асты (1-диаграмма).

**2008-жылда аўыл хожалығы тийкарғы өним түрлериниң ҳәр қыйлы хожалық жүргизиў формалары тәрепинен ислеп шығарылыўы**




Диаграммада көринип турғанындай, мәмлекетимиз аўыл хожалығында пахта (99,1%) ҳәм ғәлллениң (79,2%) тийкарғы бөлегин фермер хожалықлары тәрпинен жетилистирмекте. Дийхан хожалықлары болса өз үстинлигин сүт (96,8%), шарўашылық ҳәм қусшылық өнимлерин (95%), картошка (83,4%) ҳәм мийўе-палыз (66,5%) өнимлерин жетистириўге қәнийгелестирилген. Жүзим, мийўе ҳәм  резаворлар, палыз егинлериде ҳәм фермер, ҳәм дийхан хожалықлары тәрепинен дерлик бирдей салмақта жетистилмекте. Аўыл хожалығы кәрханалары басқар формадағы өним жетистириў көлеминдеги үлеси жылдан-жылға қысқарып бармақта. 2008-жылы олар тәрепинен шарўашылық хәм қусшылық өнимлериниң 2,5%, жүзимниң 2%, мийўге ҳәм резаворлардың 1,5%, палыз егинлериниң 1,4%, ғәлллениң 1,3%, пахтаның 0,9% жетистирилген.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2008-жыл 6-октябрдеги Ф-3077-санлы «Фермер хожалықлары хызметин жүритиўде жер майданлары муғдарын оптималластырыў илажларын көриў жүзесинен усынислар ислеп шығыў бойынша арнаўлы комиссия дүзиў туўрысында»ғы пәрманы шегарасында көрилген шөлкемлескенлик шаралары ҳәм әмелге асырылған илажлары нәтийжесинде 2009-жылдың 1-октябрине шекем мәмлекетимизде хызмет көрсетип атырған 219976 фермер хожалықлары жер майданларын алтернативлестирип, олардың улыўма саны 105033 қурады ҳәм фермер хожалықларына жәми 5 млн 860,1 мың гектар жер майданлары бириктирип берилди, буннан 1 фермер хожалығына орташа есапта алдынғы 27,0 гектар орнына әмледе 56,0 гектар жер майданы туўры келмекте. Соннан пайхташылық ҳәм ғәллешиликке қәнигелестирилген фермер хожалықларының саны 47,6 мың болып, оларға 4 млн 390,1 мың гектар яғыный бир фермер хожалығына орташа 92,0 гектар жер майданы узақ мүддетке ижараға берилди.

2008 жылы әмелге асырылган бундай өзгерислер ҳәм реформалар 2010 ҳәм келеси жылларда аўыл хожалығы ислеп шығарыў нәтийжесиниң асыўы ҳәмде оның келешегине сезилерли тәсир көрсетиўге исенимли жағдайлар жаратты.

## 3.2. Фермер хожалықларын материаллық-техникалық тәмийинлеў ҳәм оларға сервис хызметин көрсетиў системасы

Изертлеўлер көрсетиўине ҳәзирги басқышта фермер хожалықларын материаллық-техникалық қураллар менен тәмийинлеў ҳәм оларға ҳәр түрли сервис хызметин көрсетиўди шөлкемлестириўде төмендеги машқалаларға дус келинбекте: биріншиден, фермерлерде дийханшылық ҳәм шарўашылық өнимлерин өндириў бойынша барлық жумыслар комплексин өз күшлери менен орынлаўға имканият беретуғын беккем материаллық-техникалық базасының бар екенлиги; екиншиден, бар болған МТП лар фермер хожалықларының исбилерменлигине қарай шөлкемлестирилип атырған сервис хызмети кәрханалары олар алдында турған ўазыйпаларды толық дәрежеде атқара алмай атырғанлығы есапланады.

Өзбекстан республикасы Министрлер Кабинетиниң 1993 жыл 15 марттағы 137-санлы ҳәм 1994 жыл 23-февралдағы қарарларында фермер хожалықлары шәртнама тийкарында тийисли агро сервис кәрханалары ҳәм шөлкемлери тәрепинен көрсетилетуғын өндирислик ҳәм техникалық, мелиоративлик, агрохимия, автотранспорт ҳәм басқа хызмет түрлеринен пайдаланыў ҳуқықына ийе екенлиги атап өтилген. Оларға шәртнама тийкарында өндирислик хызметлери, материаллық-техникалық тәмийинлениўи, таярлаў хызметинде, тұқымгершиликте, зүрәәтли нәсиллик жас шарўа маллары ҳәм басқаларды сатып алыўда басқа кәрханалар ҳәм шөлкемлерден жәрдем алыўға имканиятлар берилген.

Мәмлекет фермер хожалықларына социаллық инфраструктура шөлкемлестириўде жәрдем көрсетиў бойынша, сондай-ақ, кадлар таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыўға жумсалатуғын барлық қәрежетлерди өз мойнына алады. Егер фермер хожалықлары өндирислик ҳәм социаллық-хызмет бағдарындағы объектлер бар болмаған аймақларда дүзилсе, ол жағдайда мәмлекет олардың бирлемши имаратларын көрип бериўди, жоллар, электр-энергиясын жеткерип бериў линияларын қурыўды, суў тәмийнаты, газлестириў, телефон орнатыў, жер дүзиў ҳәм мелиорация жумысларын

әмелге асырады. Буннан тысқары жергиликли басқарыў органлары фермер хожалықларына өндирис объектлерин тиклеўге жәрдем көрсетиўлери шәрт. Қайта шөлкемлестирилген хожалықлар өзлериниң басланғыш қәлиплескен дәўиринде (2 жыл даўамында) жер салығын төлеўден азат етиледи.

Бирақ буны атап өтиў керек, яғный фермер хожалықлары еле техникалық қураллар менен жетерли дәрежеде тәмийинленбеген, айырым районларда болса техника тәмийнаты норматив дәрежеге қарағанда (ҳәр 1000 гектарға 44 дана трактор) 5-10 мәрте кем. Аўыл хожалық машиналары менен жетерли дәрежеде тәмийинленбеслик техникалық қуралларды билқастан жыйнаў есабынан, топлаў, хожалықтың мүтәжликлерин есапқа алмастан сатып алыў жағдайларына алып келмекте.

Фермер хожалықларын материаллық-техникалық қураллар менен тәмийинлеў машина-трактор парклериниң материаллық-техникалық тәмийинлениўи, шарўашылық үскенелерин мантаж етиў, тәмийинлеў ҳәм техника хызметин көрсетиў, аўыл хожалығы өндирисинде қолланылатуғын насос-күш, электро-энергетика ҳәм басқа үскенелерди тәмийинлеў ҳәмде оларға техникалық хызмет көрсетиў сыяқлы хызмет түрлерин өз ишине алады.

Хожалықларға өндирис хызметин көрсетиўге 300-техникалық, 300 ветеринар, мелиоративлик, агрохимия, қурылыс, транспорт, информация, илимий-мәсләҳәт ҳәм басқа хызмет көрсетиў түрлери тийисли болады.

Бизге белгили, базар қатнасықларына өткенге дейин аўыл хожалығы ислеп шығарыўшылары, соның ишинде, фермер хожалықларын материаллық-техникалық ресурслары менен тәмийинлеў жеткерип берилетуғын фондларды белгилеў тийкарында лимитлеў тәртибинде әмелге асырылатуғын еди. Базар экономикасына өтиў менен бундай тәмийинлеў еркин усақлап ҳәм көтере саўда принциплерине тийкарланып жолға қойылады.

Зәрүрлик пайда болғанда фермер хожалықлары басқа хожалықлар менен бирге «Ўзқишлоқхўжаликтаъминоттаъмир» Мәмлекетлик комитети қасында

шарўашылық фермерлерине хызмет көрсетиў бойынша «Ўзтехчорвасервис» республика хожалық есабындағы бирлеспеси сықлы жаңа хызмет түриниң шөлкемлестирилиўи әҳмийетли роль ойнайды. Ол жәмәәт хожалықлары ҳәм меншик формасындағы басқа бөлимлерге ҳәр қыйлы сервис хызметине қәнигелести.

Қарақалпақстан Республикасы фермер хожалықлары жанылғы-майлаў материалларын алдыннан берилген талапнамалар ҳәм ажыратылған лимитлер тийкарында «Қарақалпақ нефтьөнимлери» қәрханасының базаларынан алыў керек. Бирақ жанылғы-майлаў материалларының тийкарғы бөлеги жәмәәт хожалықлары ушын ажыратылған фондлар есабынан, көрсетилген хызметлер ушын үстеме менен көтере баҳаларда жәмәәт хожалықлары ҳәм ширкетлерден алады.

Режеден артық буйыртпалар бойынша болса меншиклестирилген автомобиль жанылғы қуйыў шақабшаларынан усақлап баҳаларда сатып алады. Атап өтиў керек, ҳәр түрли шөлкемлерден, соның ишинде, фермер хожалықларында жумсалатуғын бензин, дизель жанылғысы ҳәм майлаў материаллары муғдарына буйыртпалар қабыл етиў ҳаққында «№арақалпақ нефть өнимлери» кәрханасы республика газеталарында дағазалар бериў жолы менен барлық тутыныўшыларды турақлы түрде хабардар етип барыўы керек. Өзбекистан исбилерменлер бирлеспесиниң Қарақалпақстан Республикасы бөлими, фермер хожалықлары бирлеспеси ҳәм республика хожалықларына жанылғы-майлаў материалларын сатып алыўда жәрдем көрсетиў бойынша айырым илажлар әмелге асырылмақта. Олар имканиятлары дәрежесинде талапнамаларды улыўмаластырыў, мүтәжликлерди есаплаў, нефть өнимлерине ажыратылған лимитлерди тең бөлистириў жумыслары менен шуғылланбақта. Бирақ бул барлық илажлар жетерли емес. Аўыл хожалығында барлық мәўсимлик жумыслар агро 300 техникалық мүддетлерде орынланыўы ушын жанылғы майлаў өнимлери тәмийнатында үзилислерге шек қойыў керек.

Минерал төгинлер ҳәм ҳәр қыйлы химиялық қураллар менен тәмийинлеў ҳәм оларды жеткерип бериў «Ўзкимёсаноат», «Ўзагрокимётаъминот» қурамында шөлкемлестирилген Қарақалпақстан Республикасы ҳәм районлық бөлимлери тәрепинен әмелге асырылады. Бул бөлимлердиң тийкарғы ўазыйпаларынан бири шәртнама тийкарында барлық аўыл хожалығы товар ислеп шығарыўшыларын минерал төгинлер, өсимликлерди химиялық қорғаў қураллары, өсимликлер өсиўин басқарыў ҳәм хошаметлеў, топырақ мелиоронтлары ҳәм басқа химиялық өнимлер менен тәмийинлеўден ибарат.

Фермер хожалықлары «Қарақалпақ дән өнимлери» өндирис акционерлик  жәмийети кәрханаларынан ажыратылған фондлар ҳәм мақсетли ажыратпалар есабынан ямаса жәмәәт хожалықлары ушын белгиленген шараятларда от-жем ҳәм басқа от-жемлерди сатып алыў мүмкин. Сондай-ақ, усы от-жемлерди шартнама ямаса базар баҳаларында тутыныў кооперациялары, шөлкемлери, жәмәәт хожалықлары, саўда кооперацияларынан, дийхан базарлары ҳәм жеке шахсларынан сатып алыў мүмкин.

Көпшилик фермерлер ири шақлы қарамаллар ушын от-жем сыпатында пахта шигитиниң шығындысы-шепухадан пайдаланады. Олар шепуханы жай комбинатларынан сатып алады. Сона атап өтиў керек, сатып алынып атырған жерлердиң баҳалары бир қанша жоқары. Буның нәтийжесинде өнидирилип атрыған өнимлер фермерлерге бир қанша қымбатқа түспекте. Бул болса олардың фиансңлық нәтийжелерине кери тәсир көрсетпекте. Соның ушын жем ҳәм басқа витаминли қосымшаларға баҳаларды қайтадан көрип шығыў керек.

Фермер хожалықларын дән, собықлы егинлер, май алынатуғын өнимлер туқымлары ҳәм бир қатар олтлар менен тәмийинлеў «№арақалпақ дән өнимлери» бирлеспеси кәрханалары, жәмәәт хожалықлары, тәжирийбе станцияларының туқымшылық хожалықлары ҳәм аўыл хожалығы бойынша илимий-изертлеў институтлары тәрепинен әмелге асырылады.

Фермер хожалықларының материал-техникалық ресурсларға болған талапларын анықлаў ҳәм өз-ара есап китаплар, жоқарыда атап өтилгениндей, өндирис көлеми, қәнигелесиў, қабыл етилген агротехника, өз материал-техника базасының ҳақыйқатта тәмийинлениўи, сондай-ақ финанслық имканиятларына келип шыққан ҳалда хожалықлардың өзлери тәрепинен әмелге асырылады. Бул жумыста фермерлер тәмийинлеў шөлкемлериниң усынысларына, алдыңғы фермер хожалықлары тәжирийбелерине ҳәм қәнигелер мәсләҳәтлерине таяныўлары керек.

Жетерли дәрежеде төлеў қәбилетине ийе фермер хожалықлары көтере ҳәм усақлап саўда тармақлары арқалы материал-техникалық ресурслардың керекли түрлерин еркин сатып алыўлары мүмкин. *әзирги басқышта фермер хожалықлар ушын агро сервисти шөлкемлестириў машқаласы төмендегилер нәтийжесинде жүзеге келген:

Биринשиден, фермер хожалықларында дийханшылық ҳәм шарўашылық өнимлерин өндириўде барлық технологиялық процесслерди өз күшлери менен орынлаўға имканият беретуғын беккем материал-техника базасының бар екенлиги;

Екиншиден, «Қарақалпақ агромашсервис» бирлеспеси системасында дүзилип атырған, сондай-ақ фермер хожалықларының исбилерменлигине муўапық шөлкемлестирилип атырған сервис хызметлерин көрсетиў кәрханалары фермерлер алдында турған ўазыйпаларды толық дәрежеде орынлай алмай атырыпты.

Қарақалпақстан Республикасының агро сервис кәрханалары тәрепинен көрсетилип атырған хызметлер түрлери, баҳасы ҳәм сапа дәрежеси фермер хожалықларының мүтәжликлерин толық қанаатландырыўға ылайық емес. Себеби, олар әдетте ҳәр бир аймақтағы фермер хожалықларының мүтәжликлерин, өндирис ҳәм жергиликли шараятларын, фермер хожалықларының қәнигелесиўин ҳәм басқа әҳмийетли факторларды есапқа алмастан ҳәр түрли техника қураллары менен пүтинленеди. Соның ушын фермер хожалықларының мүтәжликлери, пикир-өтинишлери ҳәм қәлеўи

тилеклерин сораў тийкарында есапқа алған ҳалда фермер хожалықларына өндирис сервис хызметин көрсетиў ҳәм олардың материал-техникалық тәмийинлениўи системасын қәлиплестириў мақсетке муўапық болып есапланады.

Усы мүнәсәбет пенен сатып алынып атырған техника, жанылғы-майлаў материаллары, запас бөлеклерине болған талаптың қанаатландырылыўында, сондай-ақ, жеңилликли кредитлеўди жолға қойыўда фермер хожалықлары экономикалық қоллап-қуўатлаўға мүтәж болмақта.

Шарўашылыққа қәнигелескен фермер хожалықлары ушын төмендеги сервис хызметлери көрсетилиў зәрүрлилиги бар:

-машина-трактор парки хызмети;

-лизинг тийкарында киши механизация қураллары менен тәмийинлеў;

-тәмийинлеў кәрханалары хызметинен;

-материал-техникалық, от-жем, жанылғы-майлаў тәмийинлениўи системасы хызмети;

−300 техника ҳәм ветеренинария пунктлери хызмети;

−нәсилли қара маллар жетистириўге қәнийгелескен нәсилшилик хожалықлары хызмети;

−агротехника ҳәм агрохимия хызмети;

−қурылыс ҳәм жер мелиоратив жағдайын жақсылаў бойынша хызмети;

−жеке (сервис) хызмет көрсетиў кәрханалары ҳәм жерлерге ислеп бериўши, зүрәәтти жыйнап алыўшы, өнимлерди тасыў ҳәм сатыў фирмалары бойынша хызмети;

−аўыл хожалық өнимлери тутыныўшылар, таярлаўшылар ҳәм қайта ислеўши кәрханалар менен шәртнамалық қатнасықларды қәлиплестириў бойынша хызмет;

−бизнес-реже, финанс ҳәм кредит, есап-есабатларды ислеп бериўши ҳәм анализ етиўши фирмалар хызметлери ҳәм басқалар.

Агросервис кәрханалары тәрепинен орынланатуғын барлық хызмет түрлерине шәртнама тийкарында баҳалар ислеп шығыў мақсетке муўапық.

Кәрханалар ортасындағы экономикалық ҳәм өндирис қатнасықлары шәртнама тийкарында жолға қойылыўы унамлы нәтийжелер береди.

Өндирис қатнасықларын жетилистириў, аўыл хожалығы өндирисин жайластырыў ҳәм аграр сектор инфраструктурасын раўажландырыў менен байланыслы машқалаларды шешиў ҳәзирги басқышта аграр пәнлер алдында турған ең тийкарғы ўазыйпалардан есапланады. Аўыл хожалық кәрханалары, шарўашылыққа қәнийгелескен фермер хожалықларында бар болған өндирис потенциалынан нәтийжели пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе. Соның ушын агросанаат өндирисиниң қәнийгелесиўи, концентрацияласыўы ҳәм кооперацияласыўын жәнеде раўажландырыў, кооперация ҳәм агросанаат интеграциясының ҳәр түрли формаларын жетилистириў мәселелери айрықша ҳәм терең исленбелерди талап етеди.

Фермер хожалықларының ҳәр түрли формадағы кооперацияларға бирлесиўи олардың дәраматларының өсиўи ҳәм усыған муўапық төрде турақлылықтың әҳмийетли шәрти есапланады. Бундай кооперациялар өндирис қураллары, ең алды менен фермер хожалықларының айрықша хызмет тармақларын товар ислеп шығарыўшылар мәплери жолында улыўмаластырыўды көзде тутады.

Дәстүрий дийханшылық укладының қайта тиклениўи аграр тармақты реформалаўдың унамлы тәрепи есапланады, себеби ол жерге ийелик етиў ҳәм жерден пайдаланыў тараўында дийханның ҳуқықларын кеңейттиреди. Аграр сектор қурамында фермер хожалықлары менен бир қатарда жуўапкершилиги шекленген жәмийетлер, кооперативлердиң жаңа түрлери, фермер хожалықлары бирлеспесижүзеге келди.

Ҳәзирги күнде төмендеги бағдарларда оның илажларды әмелге асырыў зәрүр:

– фермер хожалықлары санының өсиўинен олардың материал-техникалық ҳәм финанслық жағдайының беккемлениўине өтиў;

– фермер хожалықларына техника ҳәм басқа хызметлер көрсетиўши сервис кооперативлери ҳәм жеке жәрдемши хожалықлар шөлкемлестириў.

Фермерлерге өндирис қуралларын жеткерип бериўди шөлкемлестириў әдетте төмендеги схемада әмелге асырылады: ислеп шығарыўшы фирма-дилерлик пункти-фермерлер кооперативи.

Фирма жеткерип берилип атырған техниканың жоқары исенимлилигин, пайдаланыўға қолайлығы ҳәм дүзетиўге жарамлылығын тәмийинлейди. Усы ўақытта фирма қәнийгелерди машиналарын ғалаба өндирис басланғанға дейин яғный машиналарға конструкторлық ҳүжжетлерин ислеп шығыў менен бирге машиналарға хызмет көрсетиў бойынша техника ҳүжжетлерин ислеп шығады, оларды дүзетеди, машиналардан пайдаланыў дәўиринде ҳәм машиналар өндирис тамамланғаннан кейин дилерлерди запас бөлеклер менен тәмийинлеп турады.

Дилерлер фермерлер мүтәжликлерин үйренеди ҳәм ҳәр жылы кейинги жыл ушын техникаға болған талап болжаўын таярлайдылар ҳәмде оны хызмет көрсетиўдиң аймақлық бөлимлерине усынады. Буннан тысқары ҳәр үш айда ҳақыйқый сатыў көлеми тийкарында дәслепки буйыртпаларға өзгерислер ҳәм дүзетиўлер киритиледи.

Фермерлер запас бөлеклерге буйыртпалар берип, олардың қунларын төлейди ҳәм өз транспортларында алып шығып кетеди. Егер зәрүр деталь складта болмаса, дәрҳал товар жеткерип бериўши фирманың ең жақын складына буйыртпа бериледи ҳәм ол тез арада дилерге жеткизиледи.

Зүрәәт жыйып-терип алынып атырған ўақытта арнаўлы жүк автомашинасы аўысық бөлеклер жеткизип бериўди әмелге асырады.

Буннан тысқары, дилер қымбат баҳалы техниканы фермерге жумыс мәўсими ушын ҳәм бир жылға ижараға береди. Орташа ижара ҳақысы машина қунының 20 процентин қурайды.

Фермер хожалықлары өз өнимлерин чакана саўдаға қәнигелескен магазинлерден ибарат дилерлик пунктлериниң кең тармақлары арқалы сатады. Бул пунктлер бир ўақытта жаңа техника, минерал төгинлер, химиялық затлар сатып алған фермер хожалықларына да хызмет көрсетеди.

Техника, аўысық бөleклерди сатыў, машиналарды дүземиз ҳәм оларға техникалық хызмет көрсетиўден тысқары дилер пунктлери қурамалы болмаған қурылмалардан таярланатуғын машиналарды модернизациялаў, механик-кадрларды таярлаў, техниканы реклама етиў менен де шуғылланады.

Фермер хожалықлары сервис хызметин көрсетиў тараўының нәтийжели шөлкемлестирилиўинде, соңғы илимий-техника жаңалықлары нәтийжелеринен тезлик пенен пайдаланыў ҳәм жетекши раўажланған мәмлекетлер аўыл хожалығы нәтийжелилигиниң тәжрийбесин үйренип, республикамыздағы фермер хожалықларына әмелге асырылса, олардың өсиўине жәрдем береди.

Фермерлик укладлы раўажланыўындағы тийкарғы машқала соннан ибарат, аўыл хожалығы техникалық тәмийинлениўиниң ҳәзирги жағдайы ҳәм парклердеги бар болған техника жақын жылларда фермерлик секторының сезилерли дәрежеде кеңейиўине имканият бермейди. Беккемленип қалатуғын фермер хожалықлары мақсетке муўапық қатнас жасаў шараятында техника сервис кооперативлери хызметинен пайдаланады. Фермерлерди техника менен тәмийинлеўди кооперацион байланыслар тийкарында аймақлық техника орайларының хызметлери есабынан тәмийинлеў мүмкин.

Фермер хожалықларына өндирис ҳәм техника сервис хызметин көрсетиўди шөлкемлестириў машқаласын шешиўди еки бағдарда әмелге асырыў мүмкин.

Биринши бағдар-ҳәр бир фермер өзи ушын өз күши менен орынлаў аңсат ҳәм арзан болатуғын жумысларға техниканы сатып алыўы ушын шараятлар жаратыў. Бул толық, теңлескен аўыл хожалығы техникалары базары қәлиплескен шараятта мүмкин болады. Бул техникалар конструкциясы, техникалық эксплуатация көрсеткишлери ҳәм технологиялық имканиятларына муўапық киши көлемдеги аўыл хожалығы өндириси өзгешеликлерине жақсы сәўлелескен ҳәм мақсетке муўапық баҳаларда сатылыўы мүмкин.

Екинши бағдар-фермер хожалықларына орайласқан өндирис ҳәм техника хызметин көрсетиў системасын дүзиў. Бнудай объектив қәдемниң мақсетке муўапықлығы бир қатар факторлар менен белгиленеди: техниканың қымбатлылығы; тәмийинлеў-техника, транспорт ҳәм басқа жәрдемши ис түрлерине болған мүтәжликтиң үлкенлиги; олардың арнаўлы билим ҳәм көнликпелер талап ететуғын технологиясы ҳәм шөлкемлестириўдиң тән өзгешеликлери; оларды орынлаўға жумсалатуғын ўақыт сарыпланыўының үлкенлиги; ири хызмет көрсетиў структураларының кишилери жумысына қарағанда жоқарырақ үнимлиликке ийе екенлиги.

Республикамыз әмелиятында фермерлердиң өзлери тәрепинен шөлкемлестирилген кредит кооперативлери бар емеслиги, олардың енди пайда болып атырғанлығы, пайда болғанда да ең әпиўайы-қымбат баҳа техника, үскенелер, қурылыс материаллары ҳәм басқаларды сатып алыў ушын фермерлер пул қаржылары жәмийети көринисинде пайда болып атырғанлығын есапқа алып төмен кредит жәмийетлерине салмақлы басланғыш капитал шөлкемлестириў ушын жеңилликли процентлерде узақ мүддетли кредит көринисинде оларды мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў зәрүр. Булсыз фермерлердиң кооператив ҳәрекети әмелге аспайды.

Диссертациямыз изертлеўлери фермер хожалықлары шенберинде сервис хызметлерин көрсетиў тараўын кооперациялаў зәрүрлилиги пайда болғанлығын көрсетпекте. Бул бир пүтин система болып раўажланыўын жеделлестириў ушын төмендеги илажларды әмелге асырыў зәрүр:

-«Аўыл хожалығында кооперация ҳаққында» ғы нызамды ислеп шығыў, оның Олий Мәжлис тәрепиннен қабыл етилиўи ҳәм әмелиятқа иске асырылыўын тезлестириў зәрүр;

-ҳәр бир районда фермер хожалықларының АСК ның аўыл хожалығы, қайта ислеў ҳәм хызмет көрсетиў кәрханалары менен интеграцияласыўы ҳәм кооперацияласыўы процессин теренлестириў бойынша өз дәстурлерин ислеп шығыўы;

-Қарақалпақстан Республикасы ҳәм район дийхан ҳәм фермер хожалықлары бирлеспелери хызмет көрсетиў тараўын кеңейтиў, олар хызмеитин фермер хожалықлары ушын ең жақсы шәраятларды тәмийинлеў бағдарында түптен қайта қурыў.

## 3.3. Фермер хожалықларының материаллық тамийинлениў дарежесин жетилистириў жоллары

Қәмсызландырыў системасы фермер хожалықлары жумысын түрли тәбийий бахытсыз ҳәдийселер тәсиринен қорғаўда үлкен роль ойнайды. Фермер хожалықларында аўыл хожалығы егинлери ҳәм шарўа малларын қамсызландырыў системасын анализ нәтийжелери орынларда көплеп фермерлер аўыл хожалығы егинлери ҳәм шарўа малларын қамсызландырыў тәртибин билмеўлери, қамсызландырыў хызмети хызметкерлери болса фермер хожалықлары ортасында мал – мүлк қамсызландырыўының жеңилликлери (афзалликлари) бойынша ташвиқот-тарғибот иләжларын (көргизбели оқыў семинарларын өткериў, реклама, буклет яки қолланба таярлаў ҳәм басқалар) реже тийкарында алып бармаслығын көрсетпекте. Белгили, фермер хожалықларының тийкарғы үлкен майданларында мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын пахта ҳәм бошоқли дон егинлери, белгили бир фермер хожалықларында болса мийўе-палыз егинлери, боғманшылық, жүзимшилик ҳә шарўашылық өнимлери жетистирилип, олардың барлығы ихтиёрий қамсызландырылады.Мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын өнимлер ушын жыл даўамында жеңилликлерге ийе кредит ажратылыўы ҳәм бунда олардың есап номерлеринде еркин пул ғәрежетлериниң жетиспеўшилиги себепли дүзилетуғын қамсызландырыў шәртнамалары ҳуқықлы күшке кирмей қалса, басқа түрдеги өнимлерди жеткизип беретуғын фермер хожалықларының ҳасылы ҳәм түрли объектив ҳәм субъектив себеплер (фенанс ғәрежетиниң жетиспеўшилиги, қамсызландырыў дизимине исенимсизлик, түрли бюрократик тосықлар ҳәм басқалар) себепли қамсызландырылмай атыр. Диссертация жумысында келеси жыл өниминен баслап мәмлекет мүтәжи ушын сатып алынатуғын аўылхожалығы өнимлериниң ҳасылы мәжбүрий қамсызландырыў дизимине киритилиўи тәпсия етиледи. Усы тәпсияны әмелге асырылыўы мәмлекет мүтәжи ушын өним жетистирип атырған фермер хожалықларын экономика қорғаў куралы ҳәм қошометлеўши күш болып есапланады.

Таярлаў, хызмет көрсетиў шөлкемлери ҳәм фермер хожалықлары ортасында дүзилип атырған шәртнамаларды орынланыўында унамлы жағдай жүз бермекте. Бирақ, орынларда контрактация шәртнамалары әмелдеги нызамларға қарағанда хилоф раўиште бир тәреплеме, тийкарынан фермер хожалықларының мәплерине зит дүзилиўи күтилмекте.

Экономикани еркинлестириў шараятында контрактация шәртнамаларында мәмлекет мүтәжи ушын жетистирип атырған өнимлер көлеми ҳәм сыпаты көрсетилген жағдайда егинлер түрин ғәрезсиз жайластырыў ҳуқуқы фермер хожалығы баслығының ықтыярында болыўы зәрүр. Әмелдеги усы жағдай болса фермер хожалықларында топырақ өнимдарлығын асырыў бойынша иләжларды әмелге асырылыўы шегаралап қоймақта.

Мәлим болғанындай, бүгинги күнде аксарият көпшилик фермер хожалықлары өним сатыў бойынша шәртнама жуўапкершиликлерин орынлап келмекте. Соны есапқа алып, фермер хожалықларында мәмлекет мүтәжлиги бойынша жетилистирилетуғын өнимлерге шәртнама дүзилиўинде олардың көп жыллық жумыс нәтийжелерин есапқа алған жағдайда жандасыў мақсетке муўапық. Өнимди сатыў бойынша шәртнама жуўапкершиликлерин ҳәр дайым орынлап, жоқары зүрәәт алып атырған фермер хожалықлары менен тек өним түри ҳәм муғдары (тонна) есабында шәртнама дүзилиўи ҳәм оларға егин майданлары ҳәм зүрәәтлилигин ғәрезсиз белгилеўге имкәният берилиўи зәрүр. Усы жеңиллик бир ўақыттың өзинде биринширден, нәтийжели жумыс көрсетиўи нәтийжесинде жоқары унамлы (ижобий) көсеткишге ийе болған фермер хожалықларына исеним билдирилип, олардың мийнети мәмлекет тәрепинен хошаметлендирилген болса, екиншиден, хожалықта топрақ өнимдарлығын асырыў, басқа егинлер есабынан дәраматты көбейттириў ҳәм өз жумысын тек жеңилликлерге ийе кредит қаржыларына байланыслы болып қалмаўына имкәният жаратады, үшиншиден, жоқары нәтийжеде жумыс көрсетип атырған фермер хожалықларын көбейттириўге замин жаратылады.

Мəлим болғанындай ақ, 1994 жылдан баслап пахта ҳəм бошоқли дон өнимлеринен басқа барлық аўыл хожалық өнимлерине бар болған мəмлекетлик буйырығы бийкар етилди. Республика ҳүкимети тəрепинен мəмлекет мүтəжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин сатып алыў бойынша өз ара контрактация шəртнамаларын дүзип, жыл даўамында сарп-ғəрежетлерди есапқа алған жағдайда бўнак ғəрежетлерин өз ўақтында йўналтириш барысында муайян ислер əмелге асырылмақта. 2002 жыл өними есабынан мəмлекет мүтəжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлерине жыл даўамында түрли есап номерлер арқалы бўнак ғəрежетлер жиберилген болса, 2003 жылдан баслап басқышпа-басқыш барлық фермер хожалықларына мəмлекет мүтəжлиги ушын сатып алынатуғын өнимлер ушын туўрыдан-туўры жеңиллетилген кредит ажратыў усылы дағаза етилди.

2002 жылда Ферғана ўалаятының фермер хожалықлары бойынша мəмлекет мүтəжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалық өнимлерин рента қəрежетлери менен тəмийинлеўдиң анализине салыстырғанда, ўəлаятта 1 гектар майданда пахта шийки зат жетистириў ушын 487,8 мың сум сарпланған болса, 2003 жылда ажратылған жеңилликли кредит муғдары усы қəрежетлердиң 20,6 % қаплаўы ямаса барлығы ажратылыўы керек болған кредитлер муғдары қəрежетлердиң 34,3 % (гектарына 167,4 мың сум) қаплаўы мүмкин екен. Егер ўəлаят бойынша пахташылыққа қəнийгелескен бир фермер хожалығына орташа 11,2 гектар пахта майданы туўра келиўин есапқа алсақ, ҳəр бир фермер хожалығына бизнес реже тийкарында ажратылыўы зəрүр болған кредит муғдарын орташа 1874,9 мың сўмди, ҳақыйқатында ажратылған кредит муғдары болса 1233,3 мың сумди (65 %) қурайды. Ўалаят фермер хожалықлары орташа 11,2 га майданда пахта шийки зат жеткериў ушын (2002 жыл бойынша ҳақыйқый сарпланған шығынларинабатқа алынғанда) орташа 5362,2 мың сум яки терим мəўсимин есапқа алмағанда 2681,3 мың сум сарпланыўы зəрүр. Ҳақыйқатында ажратылып атырған қəрежет бенен болса фермер хожалықлары режеде белгиленген зүрəəтти толық жетистириў имкəниятына ийе болмайды.

Магистрлик диссертация жумысында фермер хожалықларында мәмлекет мүтәжи ушын жетилистирип атырған өнимлерди туўрыдан-туўры жеңилликли кредит менен тәмийнлеўдиң жаңа системасы ислеп шығылып, оны әмелиятқа енгизиў усыныс етиледи.

Усы механизмди әмелиятқа енгизиў етиў менен биргеликте кредитлеў системасын жетилистириў бойынша төмендеги экономикалық методикасын әмелге асырылыўы усыныс етиледи:

- мәмлекет мүтәжлиги бойынша сатып алынатуғын пахта шийки зат өнимин жетистириў ушын ажратылатуғын жеңилликли кредит муғдары режелестирилген сарп - қәрежетлердиң кеминде 80 % муғдарында болыўы зәрүр. Усы шараятда пахта жетистириўши фермер хожалықлары ушын агротехникалық иләжларын өз ўақтында сыпатлы өткериў ҳәм режедеги зүрәәтти жетистириў имкәнияты жаратылады. Жетилистирилип атырған пахта шийки зат өниминиң 100 % мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алыныўы ҳәм режелестирилген сарп - қәрежетлердиң 80 % бөлеги жеңилликли кредит тийкарында ажратылыўы келеси кредитти үстеме проценти менен қайтарылыў имкәниятын толық кепиллейди;

- фермер хожалықларында пахта ҳәм масақлы дән егинлеринен тысқары басқа түрдеги дийқаншылық ҳәм шарўашылық өнимлери жетилистирилиўи есапқа алып, усы тайпадағы өнимлерди жетистириў процессинде айланба қәрежетлердиң жетиспеген бөлеги қысқа мүддетли жеңилликли кредит ажратыў тийкарында шешилип, ол негизинде жетилистирилип атырған өнимлер зүрәәтлилигин гереўге қойыў есабына берилиўи лазым;

- мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлерине жеңилликли кредитлер линиясы фермер хожалықлары менен таярлаў ҳәм қайта ислеў кәрханалары ортасында контрактация шәртнамасы дүзилгеннен соң бир мәртебе ашылыўы ҳәм зәрүр ўақытта кредит суммасынан фермер хожалығының басшысы ғәрезсиз ҳәм еркин пайдаланыў ҳуқуқына ийе болыўы шәрт.

Белгили болғанындай, ўәзирлер мекемеси тәрепинен ҳәр жылы Қарақалпағыстан Республикасы ҳәм ўәләятлар бойынша мәмлекет мүтәжлиги ушын сатып алынатуғын аўыл хожалығы өнимлериниң муғдары ҳәм егилетуғын майданы хаққында арнаўлы қарарлар қабыл қылынса, ширкет ҳәм фермер хожалықларында усы түрдеги өнимлерди жетистириў, таярлаўшы шөлкемлер тәрепинен болса өним шийки затын сатып алыў менен байланыслы экономикалық – хықуқый қатнасықлар айрықша Реже тийкарында жолға қойылады. Республикамызда экономиканы еркинлестириў ҳәм базар қатнасықлары басқышба-басқыш қәлплестирилип атырған дәуирде мәмлекет мүтәжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин сатып алыў дизиминиң хуқуқый тийкарларын жаратыў мақсетинде “Мәмлкет мүтәжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин сатып алыў хаққында” нызам қабыл қылыныўы мақсетге муўапық.

Усы нызам мәмлекет мүтәжлиги ушын аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўши хожалық субьектлери, өнимлерди сатып алыўшы кәрхана ҳәм шөлкемлер, финанс – кредит тәмийнлеўи жүклетилип атырған финанслық институт ҳәм банклардың статусы, өним жетистириў ҳәм қабыл қылыў бойынша таңлаў яки тендер өткерилиўи ҳәм утқан хожалық субьектлери менен шәртнамалардың дүзилиўи, тәреплердиң мәжбүрийлик ҳәм жуўапкершиликлери, өнимге баха белгилеў, сатып алыў ҳәм төлеў тәртиби ҳәмде басқа мәселелер өзиниң хуқуқый тийкарын табыўы зәрүр.

Иззертлеўлер нәтийжеси бойынша фермер хожалықларының жумыскөрсетиўиниң тийкарғы тансифий көрсеткишлери ислеп шығылды.

Бүгин фермер хожалықлары республикамыздың барлық аймақларында, соның қатардан суўғарылатуғын, лалми, шөл ҳәм жайлаў жерлери, сондай-ақ таў ҳәм таў алды жерлеринде жумыс алып бармақта. Фермер хожалықларының 61,8 % 10 жылға, 9,4 % 10 – 20 жылға шекем, 7,4 % 20 – 30 жылға шекем, 2,4 % 30 – 40 жылға шекем, 19,0 % бөлеги болса 40 – 50 жылға шекем мүддетке жер майданларын ижарага алыўға болса, өнимлерди товарлылық дәрежеси бойынша фермер хожалықлары жоқары товар өнимин

жетистирип, ислеп шығарыў дәрежеси бойынша фермер хожалықлары киши, орта ҳәм үлкен хожалықлар тайпасын қурайды. 2004 жыл ақырын қраганда, фермер хожалықлары финанслық – ислеп шығарыў жағдайы бойынша 6,8% зыян көретуғын дәрежеде, 93,2% рентабеллик дәрежесинде, материяллық – техникалық таъминоти бойынша 70% фермер хожалықлары қанаатландырарсыз ҳәм 30% болса қониқарли аҳўалды қурайды.

Фермер хожалықларында ағзалар саны ең кеми 3 адамға шекем, бази бир фермер хожалықларында болса оннан да көбирек ағзалар мийнет қылады. Қарамағындағы жер майданларының өлшеми бойынша 11,4%те 5 гектарға шекем, 47,4%те 5,1 – 20,0 гектарға шекем, 25,6%те 20,1 – 50,0 гектарға шекем, 15,6%те 50,1 гектардан жоқарыны пайда етеди.

Фермер хожалықларының тийкарғы характерли көрсеткишлериниң анализи соны көрсетеди, фермер хожалықларының үлкен бөлеги қараганда киши жер майданына ийе болған, материяллық – техникалық тәмийнлеў қанықдырарсыз дәрежеде, бирақ финанслық тәрепинен беккем ҳәм раўажланыў дәрежесине ерисип атырған хожалық субьекти сыпатында жумыс алып бармақта.

Жоқарыдағы анализлерден жуўмақ шығарып соны айтыў керек, устувор жөнелис сыпатында фермер хожалықларын турақлы экономикалық раўажландырыў республикамыз аўыл хожалығында тийкарынан төмендеги 4 үлкен әҳмийетли ўазийпаларды шешилиўинде тийкарғы роль ойнайды. Биринишиден, ислеп шығарыўды интенсивалы раўажландырыў, өнимди жетистириў, таярлаў, қайта ислеў, сатыў ҳәм хызмет көрсетиў салаларын, базар инфраструктурасын обьектлерин кескин раўажландырыўды тәмийнлеў; екиншиден, фермер хожалықларын муайян түрдеги аўыл хожалығы өнимлерин жетистириўге қәнийгелескен ҳәм егинлер қурамын мақбул жайластырыў системасын жетилистириў; үшиншиден, АСК тармақлары ортасында өз-ара ислеп шығарыў – экономикалық мүнәсебетлер – хожалықлар ара кооперация ҳәм аграрсанаат интеграция системасын

қайтадан түрлендириў ҳәм ақырғы төртиншиден, тармақты ҳәм ислеп шығарыўдың мақбул өлшемлерин белгилеў имкәнияты жаратылады.

Фермер хожалықларын турақлы экономикалық раўажланыўын белгилеўши негизги факторлар республика ҳәм жергиликли аймақ – район дәрежесинде көрип шығылып, усы иләжлар орынланыўы тийкарында ерисилетуғын экономикалық нәтийжелер тавсифланиб шығылды.

## Жуўмақлаў

Өзбекстан Республикасында бүгинги күндеги баслы ўазыйпалардан бири – бул мәмлекетимизди модернизациялаў ҳәм халық бәнтлигин асырыўдың зәрүр факторы сыпатында өндирис ҳәм социаллық инфраструктураны және де раўажландырыўдан ибарат. Жүдә үлкен әҳмийетке ийе болған бул баслы ўазыйпаға айрықша итибар қаратыў зәрүр. Буның ушын биринциден, инфраструктураны раўажландырыў жаңа кәрханаларды жайластырыў ҳәм улыўма экономиканы раўажландырыў ушын зәрүр қолай шәрт-шараятларды жаратады, мәмлекетимиздиң бай минерал-шийки зат ресурсларын өзлестириў имканиятларын кеңейтеди.

Екиншиден, өндирислик инфраструктура, ең дәслеп, автомобиль ҳәм темир жоллардың раўажланған системасы, олардың нәтийжели искерлигин ислеп шығарыўдағы улыўма қәрежетлерди кемейтиўдиң зәрүр шәрти ҳәм факторлары есапланады. Бул болса, өз нәўбетинде, ислеп шығарылып атырған өним ҳәм улыўма экономикамыздың бәсекилилигин асырады.

Үшиншиден, социаллық инфраструктураны раўажландырыў, халықты таза ишимлик сууы, энергия менен тәмийинлеў, жәмийетлик тараў объектлерин пайда етиў, ақырғы нәтийжеде халықтың турмыс дәрежесин асырыўға хызмет етеди.

Төртиншиден, инфраструктураны раўажландырыў көп мийнет талап ететуғын кең көлемли тараў есапланады. Бул жаңа жумыс орынларын жаратыў, халықтың, әсиресе, жаслардың жумыс пенен бәнтлигин тәмийинлеў, адамлардың дәраматын ҳәм параўанлығын асырыў имканын береди.

Заманагөй өндирислик ҳәм социаллық инфраструктураны жедел раўажландырыўды тәмийинлеў, усы тийкарда экономиканы избе-из ҳәм турақлы раўажландырыў ушын қолай шәрт-шараят жаратыў мақсетинде «2009-жылда өндирислик ҳәм социаллық инфраструктураны және де раўажландырыўға тийисли қосымша шара-илажлар ҳаққында» арнаўлы дәстүр қабыл етилди ҳәм оның орынланыўы қатаң қадағалаўға алынды.

Мәмлекетимиз аўыл хожалығына хызмет көрсетиўши өндирислик инфраструктурасы субьектлерин раўажландырыўда ҳүкиметимиз тәрепинен жаратылып атырған шараятлар үлкен әҳмийетке ийе. Бул тараўда хызмет көрсетиўши тармақлардың ҳуқықый негизи белгиленди ҳам хызмет көрсетиўши кәрхана менен аўыл хожалығы өнимлерин өндириўши фермер, дийхан ҳам басқа түрдеги хожалықлар арасындағы экономикалық қатнасықлар жақсыланып бармақта. Улыўма алғанда, Республикамызда аўыл хожалығы өндирислик инфраструктурасын жедел раўажландырыў зәрүрлигине бир қанша себеплер тәсир көрсетпекте.

Биринщиден, өзиниң материаллық - техникалық қураллары жетерли болмаған фермер ҳәм дийхан хожалықлары санының кескин өсиўи. 2003-2006-жыллыр аралығында 1513 хызмет көрсетиўи тамамланған ширкет хожалықлары негизинде 101,6 мың фермер хожалықлары дүзилди, дийхан хожалықларының саны 4177,6 мыңнан 4631,7 мыңға жетти, яғный 454,1 мыңға көбейди. 2007-жылда фермер хожалықлары 27,9 мыңға көбейип, олардың саны 217,1 мыңға жетти. Бул өз гезегинде хызмет көлемин асырыўды талап етеди.

Екиншиден, фермер хожалықларының белгили бөлегиндеги финанслық турақластырыў, өндирислик хызмет түрлерине болған талапты арттырады.

Үшиншиден, аўыл хожалығы өнимлерин өндириўде зүрәәтлиликти, өнимдарлықты, өним сапасын асырыўға қаратылған иләжларды әмелге асырыўда жаңа техника, технологияларға тийкарланған арнаўлы қәнигелестирилген хызмет түрлеринен болған талаптың артыўы.

Улыўма айтқанда, бүгинги күнде аўыллық аймақларында өндирислик инфраструктурасы бөлимлериниң раўажланғанлығы, олардың хызметинен пайдаланыўшы хожалық субьектлериниң раўажланыўынан арқада екенлиги аўыл хожалығының жедел раўажланыўына жетерли тәсир көрсетип атырған жоқ. Себеби, 2006-жыл жағдайына қарай отырып ҳәр бир мың фермер хожалығына тек қана 5 “Минибанк”, 6,3 жанар май сатыў, 5 минерал төгин ҳам химиялық воситалар сатыў, 2 зооветеринария хызметлерин корсетиў

шақапшалары,7,3 алтернативалы машина трактор парклери, 6,3 суўдан пайдаланыўшы бирлеспелер хызмет көрсетпекте.

Инфраструктура субъектлери аўыл хожалығында өндирислик қатнасықлар ҳәм аўылда социаллық – экономикалық раўажландырыўдың тийкары есапланылып, хызмет көрсетиў ҳәм тәмийинлеў системасындағы кәрханалар жумысын раўажландырмастан экономиканың ири тармағы – аўыл хожалығында экономикалық турақлы өсиў динамикасын тәмийинлеў тийкарында аўыл хожалығы кәрханалары ҳәм дийқанлардың дәраматларын көбейтиў мүмкин емес.

Аўыл хожалығында инфраструктура субъектлери оның ўазыйпасы, бағдары ҳәм хызмет көрсетиў дәрежесине қарап айырым исбилермен шахслар ямаса топарлар тәрепинен, базы ҳалларда болса мәмлекет тәрепиненямаса тиккелей оның қатнасығында шөлкемлестирилмекте. Себеби аўыл хожалығында товар өнимин өндириўди жоқары темплерде өсиўине ерисиў ушын инфраструктура субъектлерин шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўға басланғыш басқышта ири муғдарда капитал киргизилиўи талап етиледи. Инфраструктура субъектлерине сарыпланған капитал басқышпа – басқыш алынып, сарыпланған капитал тек ғана тиккелей исбилерменлер есабынан емес, ал барлық қатнасыўшыларға (фермер, кәрхана ийеси ямаса аталыққа алған шөлкем ҳәм жергиликли Мәмлкетлик органға) қайтады.

Бизге мәлим болғанындай аўыл хожалығына инфраструктура субъектлери өз-ара экономикалық қатнасықларда орынлайтуғын ўазыйпалары, мақсетлери ҳәм жумыс алып барыў бағдарларында бир неше қурамлық элементлерди бирлестирип, улыўма системада инфраструктура субъектлери комплексин пайда етеди.

Инфраструктура субъектлери комплекси төрт белги бойынша характерленеди, атап айтқанда:

1. Өндирис процессине тәсири дәрежеси;

2. Аймақлық жайласыўы;

3. Тараўлық көз қарастан;

4. Мақсетли ис хәрекети бағдары.

Базар қатнасықларын қәлиплестирилиўи ҳәм раўажланыўы дәўиринде аўыл хожалығы инфраструктура субъектлери өндирислик, социаллық, институционаллық, жеке, экологиялық ҳәм базар субъектлери сыпатында айрықша ис алып барсада, олар өз-ара қатнасықларда бир бирине байланыслы рәўиште қәлиплеседи ҳәм раўажланады

Социаллық инфраструктура объектлерин жедел раўажландырыў, халық пунктлерин абаданласты-рыўды түптен жақсылаў, соның есабынан қосымша жумыс орынларын жаратыў мәселелери бизиң режелеримизде айрықша орын ийелейди.

Нәзерде тутылып атырған шара-илажлар шеңберинде 2009-жылда узынлығы 2000 километрден артық ишимлик суўы ҳәм 700 километрге шамалас тәбийий газ тармақларын иске түсириў, алыс районларды суйық газ бенен тәмийинлеўди түптен жақсылаў белгиленген.

Турақ жайларды капитал оңлаў, реконструкциялаў ҳәм қурыў бойынша кесип алып ислеў көлемин кеңейтиў, халықтың өсип баратырған талабын қанаатландырыў мақсетинде қала ҳәм районларда турақ жай фонды объектлерин жойбарластырыў, қурыў, реконструкциялаў, оңлаў ҳәм олардың дизайны бойынша жумысларды толық ҳалда, яғный гилти менен тапсырыў шәрти тийкарында жумыс алып барып атырған қәнигелескен жеке оңлаў-қурылыс шөлкемлерин дүзиў нәзерде тутылған. Социаллық инфраструктура объектлерин жедел раўажландырыў, халық пунктлерин абаданласты-рыўды түптен жақсылаў, соның есабынан қосымша жумыс орынларын жаратыў мәселелери бизиң режелеримизде айрықша орын ийелейди.

Нәзерде тутылып атырған шара-илажлар шеңберинде 2009-жылда узынлығы 2000 километрден артық ишимлик суўы ҳәм 700 километрге шамалас тәбийий газ тармақларын иске түсириў, алыс районларды суйық газ бенен тәмийинлеўди түптен жақсылаў белгиленген.

Турақ жайларды капитал оңлаў, реконструкциялаў ҳәм қурыў бойынша кесип алып ислеў көлемин кеңейтиў, халықтың өсип баратырған талабын қанаатландырыў мақсетинде қала ҳәм районларда турақ жай фонды объектлерин жойбарластырыў, қурыў, реконструкциялаў, оңлаў ҳәм олардың дизайны бойынша жумысларды толық ҳалда, яғный гилти менен тапсырыў шәрти тийкарында жумыс алып барып атырған қәнигелескен жеке оңлаў-қурылыс шөлкемлерин дүзиў нәзерде тутылған.

Аўыллық социаллық инфраструктура тараўларының республика регионлары арасында раўажландырыў дәрежесин теңлестириў мақсетинде ҳәм бул процессте районлық басқарыў шақабының ролин көтериў мақсетке муўапық:

Биринshiден, (соның ишинде капиталлық қойылмалар) оны басқа тараўға бөлиўсиз территориаллық белги (аўыллық административлик районлар бойынша) бойынша үстинликли социаллық инфраструктураны раўажландырыўға финанслықты ҳәм басқа ресурслардың ведомстволық бөлистириўден өсиўин әмелде көриў;

Екинshiден, (халықтың жан басына есапланады) аўыллық административлик районлардың бөлинген түринде финанслық ресурсларды бөлистириўдиң нормативлик дифференциалланған принципин алып барыў. Бул мақсет бизлер ушын усынылып атырған дүзелтиў коэффициенти формуласын пайдаланыўымызға болады, бул бир тәрептен социаллық инфраструктураны усы ямаса басқа объектлер менен тәмийинлениў дәрежеси есапқа алынып, басқа тәрептен берилген район жағдайында олардың салмақлы капитал сыйымлылығы дәрежеси де есапқа алынады. Усы тийкарында республиканың барлық районлары ҳәм социаллық инфраструктура тараўлары ушын 3-5 жылдан бир мәртебе дүзелтилиўи керек болған капиталлық қойылмаларының (финанслық ресурслар) улыўма көлеми анықланады.

Аўыллық жерлерде жасаўшы халықтың социаллық жағдайы ҳәм жасайтуғын орнынан бийғәрез халықтың жасаўын тәмийинлеў ҳәм

өндириўдиң минимал жағдайларында концепцияда орайлық мәселе мәмлекетлик кепиллик тәмийинлеў болып есапланады.

1. Бизиң көз қарасымыз бойынша, социаллық инфраструктураның хожалық механизмин жетилистириўдиң объективлик зәрүрлиги төмендеги жағдайлар менен байланыслы:

1) Жәмийелик турмыстағы өзгерислер, буннан социаллық-экономикалық мәселелердиң келип шығыўын, өз алдына Өзбекстан Республикасы ушын дүзиўи менен;

2) Басқарыўды орайластырмаў, соның ишинде республикада социаллық инфраструктураны раўажландырыў;

3) Социаллық инфраструктура объектлерин шөлкемлестириўшилик-юридикалық өзгерислер тийкарында дүзиў ҳәм функциялаў;

4) Экономикаға базар қатнасларын ҳәм социаллық инфраструктурада оның өзгешеликлери менен енгизиў;

5) Аўыллық жерлерде оның объектлерин дүзиў ҳәм функциялаўда социаллық инфраструктураның хожалық механизмине тәсир етиўинде кемшиликлерди болдырмаў ҳәм нәтийжелилигин көтериў ушын;

2. Базар қатнасларына өтиў ҳәм социаллық инфраструктура мекемелерин раўажландырыў төмендегише түрде әмелге асырыладыҮ

1. жеке
2. хожалық есабы
3. бюджетлик
4. жеке-коммерциялық
5. жеке-бюджетлик
6. бюджетли хожалық есабы
7. қоспа кәрханалар

Социаллық инфраструктура кәрханасы ҳәм шөлкемниң ҳәр бир түри ушын басқарыў, жобаластырыў, финансластырыў, баҳа қойыў, материаллық-техникалық тәмийинлеў ҳәм хошаметлестириў принциплери бойынша ажыралатуғын уқсас хожалық жүргизиўши механизм талап етиледи.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими

1. Өзбекстан Республикасы конституциясы.
2. Өзбекстан Республикасының «Фермер хожалығы ҳаққында»ғы Нызамы.
3. Өзбекстан Республикасының «Дийқан хожалығы ҳаққында»ғы Нызамы
4. Өзбекстан Республикасының «Аўыл хожалық кооперативи (ширкет хожалығы) ҳаққында»ғы Нызамы
5. Өзбекстан Республикасы Министрлер Мәкемесиниң «2004-2006 жылларда фермер хожалықларын раўажландырыў концепциясын әмелге асырыў илажлари ҳаққында»ғы 2004-жыл 30-октябрдеги №476 Қарары.
6. Өзбекстан Республикасының «2009-жылда өндирислик ҳәм социаллық инфраструктураны жәнe де раўаж-ландырыўға тийисли қосымша шара-илажлар ҳаққында» арнаўлы Дәстүри
7. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Фермер хожалықларын 2004-2006 жылларда раўажландырыў концепцияси ҳаққында»ғы Пәрманы.
8. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасының Монополиядан шығарыў, бәсеке ҳәм исбилерменликти қоллап-қуўатлаў мәмлекет комитетин шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Пәрманы. – «Ҳалқ сўзи», 2005й., 2 май.
9. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Лизинг ис ҳәрекетин раўажландырыўды жәнеде хошаметлеў илажлары ҳаққында»ғы 2002-жыл 28-августтағы Пәрманы, Халқ сўзи, 2002 й. 30 август.
10. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Ипотека кредит бериўди қоллап-қуўатлаў фонды жумысын шөлкемлестириў илажлары ҳаққында»ғы Қарары – 2005-жыл., 6-май.
11. «Өзбекстан Республикасында 2010-жылларға шекемги дәўирде структуралық өзгертиўлерди әмелге асырыў стратегиясы ҳаққында» Өзбекстан Республикасы Президенти баянаты, Ташкент, ЦСЭП, 2002-жыл
12. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «2003-жылдың биринши ярымында мәмлекетимиз экономикасы ҳәмде социаллық саланы раўажландырыў жуўмақлары ҳәм бул салаларда ең әҳмийетли артықмаш бағдарлар бойынша әмелге асырылып атырған илажрлар ҳаққында»ғы Министрлер Кабинети мәжилисиндеги баянаты, «Ўзбекмстон овози»-2003 й. 19 июл.
13. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң мәжилисинде «Өзбекстан Республикасын социаллық-экономикалық раўажландырыўдың 2005-жыл жуўмақлары ҳәм 2006-жылдағы тийкарғы ўазыйпалар ҳаққында» ғы Өзбекстан Республикасы Президентиниң баянаты, «Халқ сўзи» газетаси, феврал 2006 йил.
14. Каримов И.А. «Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында» – Т.: “Өзбекстан ”, 1995.

15.Каримов И.А. “Бизиң бас мақсетимиз – жәмийетти демократластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизациялаў ҳәм реформаластырыў болып есапланады” – Т.: “Өзбекстан ”, 2005.

16.Каримов И.А. «Банк системесы, ақша машқаласы, кредит, инвестиция ҳәм финанслық турақлылық ҳаққында». – Т.: «Өзбекстан», 2005.

17.Каримов И.А. «Кредит:фермерлик раўажланыўында әҳмийетли фактор» – «Халқ сўзи», 2004й., 2 июн

18.Ҳусанов Р.Ҳ., Қосимов М. Дийқан хожалығын жүргизиўдиң илимий ҳәм әмелий, Т. Чўлпон, 2000.

19. Чориев Қ., Беркинов Б. «Дийқан ҳәм фермер хожалықларын шөлкемлестириў жүргизиўдиң ҳуқықый–нормативлик тийкарлары».–Т.: «Шарқ», 2002.

20. Салимов Б., Беркинов Б. ҳәм басқалар, «Дийқан ҳәм фермер хожалықлары экономикасы».–Ташкент, 2004.

21. Абдураҳмонов Қ.Ҳ. ҳәм басқалар «Мийнет экономикасы ҳәм социологиясы». сабақлық. – Т.: «Ўқитувчи». 2001.

22.Йўлдошев С. Аўыл хожалығында инвестициялық процесслердиң турақлы раўажланыўы, «Бозор, пул ва кредит» журнали 2004 йил №2

23.Ишмухамедов А.Е. ҳәм басқалар. – «Өзбекстан миллий экономикасы». Оқыў қолланба. – Т.: ТДИУ, 2004й.

24.Добрынин В.А., Экономика сельского хозяйства Москва: Агропромиздат, 1990

25.Попов Н.А., Экономика сельского хозяйства. Москва: Дело и сервис, 2000.

26.Коваленко Н.А. Экономика сельского хозяйства Москва: Тандем, 1999.

27.Серова Е.В. Аграрная экономика, М.: Государственный университет Высшая школа экономики, 1999.

28. Алтиев А., Меншиклестириў ҳәм жер базары, «Бозор, пул ва кредит» журнали, №12, 2006 й

29.Тлеубергенов Ш., Назарбаев О., «Агроэкономика ҳәм агробизнес тийкарлары» Нукус Билим 1998.

30.Муродов Ч., «Аўылда базар инфраструктурасы тийкарларын қәлиплестириў», «Ўзбекистон иқтисодий ахборотномаси» журнали, №3, 1999 й.

31.Мадрахимов У., «Иқтисодиёт тармоқларида меҳнат унумдорлиги даражасини ўстириш» «Бозор, пул ва кредит» журнали, №10, 2005 й.

32.Адильчаев Р., Срашов Р., Байжанов С.Х. «Проблемы эффективного развития фермерских хозяйств в условиях рынка», Журнал «Актуальные проблемы современных наук» №5 2005г., Москва

33.Адильчаев Р., Байжанов С.Х., Ер ресурсларини иқтисодий баҳолаш ва фермер хўжалықлари, «Аграр иқтисодиёт» Илмий-әмелий машқалалар бюллетени, 2005 №3-4 Тошкент

34.Адильчаев Р., Орынбаева Г., Адильчаев К., Фермер хожалықлары ҳәм шериклес киши кәрханалар, «Еркин Қарақалпақстан» газетаси, 24.10.2006

35.Өзбекстан Республикасы. Аналитикалық шарқ. СИСМ, Тошкент 2005, №8

36.Қарақалпақстан Республикасы экономика Министрлигиниң статистикалық мағлыўматнамалары.

Интернет веб-сайтлары

WWW.ceen.uz.
WWW.bearingpoynt.uz.
WWW.nca.uz.
www.mikro-makroiqtisodyot.fan.uz

www.uznature.uz,
ecolog@freenet.uz
www.vzfei.ru/rus/structure/platforms/aist.htm